



LIV POU TIMOUN AN SANTE NAN FLORID

OKTÒB 2025

HealthyKidsSM
a Florida KidCare partner

DentaQuestSM
a Sun Life company



Esplikasyon Sou Liva Sa A

Nou kontan Sèvi ou nan DentaQuest! Nou fyè dèske nou fè patnè avèk pwogram Florida Healthy Kids la, pou òganize swen dantis pou timoun. Nou kontan dèske pitit ou enskri nan pwogram Florida Healthy Kids la. Avèk gwo rezo dantis jeneralis ak espesyalis nou genyen an, pitit ou pral resevwa bon kalite swen pou dan li. Liv sa a bay yon lis ki montre avantaj pou swen dan pitit ou ap kapab jwenn. Tanpri, fè yon gade liv la pou w ka konprann pi byen kouman plan pou swen dan pitit ou a sèvi. Sa enpòtan pou sante pitit ou, pou li wè yon dantis regilyèman. Menm si pitit ou pa gen maldan ni okenn pwoblèm avèk dan li, timoun lan dwe fè yon enspeksyon regilye depi sa posib. Nou ka ede w chwazi yon dantis nan rezo nou an.

Liv pou kliyan sa a sèvi tankou yon rezime avantaj yo.

Klinik Dantis Prensipal

Chak moun nan fanmi w ki genyen asirans pou swen dan nan pwogram sa a afekte nan yon Klinik Dantis Prensipal (Dental Home). Klinik Denta Home la, se kote pitit ou ale wè yon dantis chak 6 mwa. Dantis nan klinik Dental Home la ap fè sèvis moun nan fanmi w bezwen pou rete an sante.

Yo chwazi Klinik Dantis Prensipal pou pitit ou dapre:

- Dènye klinik dantis ou te ale a, oswa
- Dènye klinik dantis yon frè oubyen yon sè pasyan an te ale a, oswa
- Klinik dantis ki pre lakay ou, dapre kòd postal ou

Pou Egzekite Preskripsyo

Nou pa peye pou medikaman preskripsyon. Si Doktè Prensipal ou preskri yon medikaman pou pitit ou, nou ka ede w jwenn medikaman sa a avèk plan sante FHKC ou. Ou mèt rele Sèvis Kliyantèl la si ou bezwen asistans.

Pwogram Rekonpans pou Manm yo

Nou ofri pwogram dantis pou ede kenbe sante w, ak pou ede ou viv an pi bon sante. Nou rele yo program pou konpòtman ki bon pou sante. Ou ka genyen rekonpans lè ou patisipe nan pwogram sa yo. Men pwogram dantis plan nou an ofri:

- Pwogram DentaQuest pou Ankouraje Fè sa ki Bon pou Sante

Nou enterese nan sa ki bon pou ou. Nou vle ou an sante. Ale kay dantis prensipal ou, ak kenbe bon abitud pou sante dan ou, se bagay ki enpòtan.

DENTAQUEST VLE REKONPANSE OU!

DentaQuest ap voye ba ou yon kupon kado \$ 10 pou Amazon, si:

- Ou fè yon vizit pou swen prevansyon kay dantis prensipal ou, epi
- Ou enskri nan sit pou manm lan.

Li enpòtan pou wè yon dantis pou anpeche dan ou pike, oswa jansiv ou malad, oswa lòt pwoblèm dantè. Anpil fwa, pwoblèm dantè yo pa montre sentonm. Kidonk, ou kapab pa menm konnen ou gen yon pwoblèm. Men si gen nenpòt pwoblèm, li pi fasil anpil pou okipe yo depi nan bonè.

Limitasyon oubyen Restriksyon:

- Moun ki enskri epi ki kalifye yo pral kapab resevwa kupon kado a yon sèl fwa nan lavi yo.
- Manm yo dwe genyen youn nan sèvis dantè kalifye pi ba la yo omwen 180 jou apre yo enskri.
- Manm ki kalifye yo dwe enskri nan sit pou manm lan.

Sonje sa byen, rekonpans yo pa kapab transfere. Si ou kite plan nou an pou plis pase 180 jou, ou pa kapab resevwa rekonpans.

**Swen pou Dan ki fè ou Kalifye:
Selaj pou timoun ki gen ant 6 ak 14 an.**



Rele DentaQuest si ou gen kesyon sou Dental Home, oubyen si ou vle enskri nan pwogram rekonpans lan. Pou chanje Dental Home pitit ou, konnekte sou adrès MemberAccess.DentaQuest.com oswa rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST.

Fòmilè Pwogram pou Ankouraje Fè sa ki Bon pou Sante a (Healthy Behaviors Incentive Program) nan paj 46 nan liv sa a.

Gade plis konsèy sou sante bouch nan adrès www.DentaQuest.com.

- Bwose dan ou de fwa pa jou.
- Pase fil dantè omwen yon fwa pa jou.
- Ale wè dantis la chak sis mwa.

Nou pral byen kontan sèvi pitit ou a pou sa li bezwen.

 a Sun Life company	
Member Name: _____	Plan Type: FHK
Member ID: _____	Effective Date: _____
www.DentaQuest.com	Florida Healthy Kids: 1-888-540-5437

Enpòtan:

Pa bliye enskri nan adrès

MemberAccess.DentaQuest.com

Ou ka ògànize avantaj asirans pou swen dantè ou, ak resevwa kat didantite ou anliy.

Enfòmasyon pou Kontak

Si ou bezwen asistans oubyen plis enfòmasyon, rele kontak sa yo oubyen ale nan sit entènèt sa yo:

Asistans oswa Kesyon sou	Rele	Ale nan
<ul style="list-style-type: none"> Kote yo rive avèk aplikasyon ou fè a Kalifikasyon pou Florida Healthy Kids Fè peman Kilè kouvèti asirans lan kòmanse Lèt oswa mesaj elektwonik Florida KidCare voye ba ou 	<p>1-888-540-KIDS (5437)</p> <p>Jou lasemenn ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST</p> <p>--</p> <p>Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen: 1-800-955-8771</p>	<p>floridakidcare.org</p>
<ul style="list-style-type: none"> Konnen si asirans kouvri yon sèvis dantis Pri yon sèvis dantis Pwofesyonèl sante ki okipe dan moun nan rezo a Fè apèl pou yon sèvis oswa yon reklamasyon yo refize 	<p>Sèvis Kliyantèl</p> <p>1-888-696-9557 (TTY 711 oswa 1-800-855-2880)</p> <p>Depi lendi pou rive Vandredi ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST</p>	<p>https://dentaquest.com/</p>
<ul style="list-style-type: none"> Enfòmasyon sou avantaj nan asirans sante ou 	<p>Pwòp konpayi asirans sante ou:</p> <p>Aetna Better Health of Florida 1-844-528-5815</p> <p>Community Care Plan 1-866-930-0944</p> <p>Simply Healthcare Plans 1-844-405-4298</p>	<p>Adrès Entènèt konpayi asirans sante ou:</p> <p>www.aetnabetterhealth.com/florida</p> <p>https://www.floridakidcare.org/plan-information</p> <p>https://www.floridakidcare.org/plan-information</p>

Pou Voye Dokiman

Enpòtan: Tanpri pa voye okenn bòdwo ni reklamasyon pou swen dantis bay Florida Healthy Kids Corporation. Pou voye yon bòdwo oswa yon reklamasyon pou swen dantis, rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tandè byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST. Lè w ap voye nenpòt dokiman bay Florida KidCare, ekri nimewo kont pou fanmi w la anwo chak paj. Ou ka jwenn nimewo kont pou fanmi w la sou nenpòt ki lèt ki soti nan Florida KidCare, oubyen si ou konnekte sou kont ou anliy nan Florida KidCare.

Si ou bezwen voye dokiman bay Florida KidCare sou salè w, sou idantite w, sou nasyonalite w, ak sou kondisyon imigran ou, tanpri voye enfòmasyon yo nan youn nan mwayen sa yo:

Telechajman Sekirize

Pase dokiman yo nan eskànè nan youn nan fòma sa yo: .pdf, .jpeg, .jpg, .png, .tif, .tiff oswa gif. Chak fichye dwe mwens pase 10MB. Konnekte sou kont ou nan adrès **www.floridakidcare.org** epi klike bouton vèt pou telechaje dokiman an, pou voye yon dokiman monte nan kont ou.

Kourye elektwonik

Pase dokiman yo nan eskànè nan youn nan fòma sa yo: .pdf, .doc, .ppt, .jpeg, .jpg, .tif, .tiff, .txt, .rtf, .bmp, oswa .gif. Chak fichye dwe mwens pase 10MB, oubyen pi piti, dapre ki sèvis ou genyen pou mesaj elektwonik. Voye dokiman ou yo nan adrès elektwonik **contactus@healthykids.org**.

Nan Lapòs

Florida KidCare
P.O. Box 591
Tallahassee, FL 32302-0591

Faks

1-866-867-0054

Pou Fè Peman pou Prim

Si ou bezwen peye pou prim ou, chwazi youn nan mwayen sa yo:

Peman otomatik chak mwa, san tèt chaje:

- Peman otomatik**
1. Ale nan adrès **floridakidcare.org** epi konnekte sou kont sekirize ou, oubyen louvri yon kont si ou pako genyen youn.
 2. Antre enfòmasyon ki sou kat debi, oswa kat kredi, oswa kont labank ou.
 3. Konsève enfòmasyon pou peman ou yo.

Peman yon fwa pou yon sèl mwa, oswa pou plizyè mwa kouvèti asirans:

- Anliy**
1. Ale nan adrès **floridakidcare.org** epi klike sou bouton pou Peye Prim lan (Pay Premium).
 2. Chwazi opsyon pou peye yon fwa a.
 3. Antre enfòmasyon ki sou kat debi, oswa kat kredi, oswa kont labank ou (gen frè tranzaksyon ki aplikab).

- Telefòn**
- Rele nimewo 1-888-540-KIDS (5437) pou fè yon peman avèk kat debi oswa kat kredi ou (gen frè tranzaksyon ki aplikab).

- Nan Lapòs**
1. Ekri nimewo kont pou fanmi w la sou chèk oswa sou manda postal la.
 2. Ekri chèk la pou peye "Florida KidCare".
 3. Voye peman an nan adrès sa a
Florida KidCare
P.O. Box 31105
Tampa, FL 33631-3105

- An pèsonn**
- Ale nan adrès **www.fidelityexpress.com** pou jwenn yon kote ou ka fè yon peman kach.

ALE NAN DIJITAL AVÈK APLIKASYON MOBIL DENTAQUEST LA, AK PÒTAY POU MANM SEKIRIZE A

Sèvi avèk telefòn selilè oubyen òdinatè ou, pou administre plan dantis DentaQuest ou.

- Telechaje kat idantite ou (ID)
- Jwenn oubyen chanje dantis ou
- Gade enfòmasyon sou plan an, oswa lòt enfòmasyon!

Si ou vle enskri pou aplikasyon an, ou pral bezwen bay non ou, ak dat nesans ou, ak youn nan enfòmasyon sa yo:

- ID ou kòm Manm
- ID Medicaid ou
- Nimewo telefòn ou, plis kat dènye chif nan nimewo Sekirite Sosyal ou. Ou ka administre avantaj pou tout Manm ki rete nan menm kay avèk ou, yon fwa ou konekte.

**TELEHAJE
APLIKASYON
MYDENTAQUEST
MOBIL LA
KOUNYE A!**



Ou ka administre avantaj ou yo tou nan sit entènèt sekirize pou Manm lan. Ale anliy nan adrès DentaQuest.com.

Pou enskri chak Manm, ou pral bezwen:

- Prenon ak non fanmi an, menm jan yo ekri sou kat idantite (ID) Manm lan.
- Dat nesans li
- Nimewo Medicaid oswa nimewo CHIP ID
- Adrès elektwonik – se li k ap tounen non itilizatè w, lè ou enskri

CHWAZI OUBYEN CHANJE DANTIS PRENSIPAL OU ANLIY!

1. Chwazi oubyen chanje dantis prensipal ou kounye a.

Kenbe ID manm ou pare (ou ka jwenn li sou kat idantite Manm ou).

Pase kòd ID a nan eskànè pou chanje klinik Dantis Prensipal ou.

Kounye a, ou ka chanje Dantis Prensipal ou anliy nan adrès DentaQuest.com si ou klike sou "Find a Dentist" (Jwenn yon Dantis).

- Fè chanjman ou vle a anliy, sa ki pi rapid pase si ou rele nan telefòn
- Chanje Dantis Prensipal ou 24/7
- Ou pa bezwen konnekte nan pòtay pou Manm lan
- Enskri kòm pasyan* menm lè a, avèk nouvo Dantis Prensipal ou - san ou pa bezwen nimewo referans!

*Pran randevou dapre jou ak lè ou ka jwenn.

Chanje Dantis Prensipal ou kounye a!



 www.dentaquest.com

2. Louvri yon kont nan pòtay pou manm anliy nou an.

Ale nan adrès dentaquest.com/member-login/.

3. Rele sèvis kliyantèl nou an.

1-888-696-9557, TTY (pou moun ki pa tande byen) 711
oswa 1-800-855-2880

Toujou konnen dènye chanjman yo, epi resevwa dènye nouvèl ak enfòmasyon sou plan ou nan **Florida KidCare | Facebook**

Sa ki nan Liv sa a

Esplikasyon sou Liv sa a.....	1
Enfòmasyon pou Kontak.....	4
Pou voye dokiman.....	5
Pou Fè Peman pou Prim.....	6
Pou kòmanse: Eleman Fondamantal nan Pwogram lan.....	10
Kisa Florida Healthy Kids Kouvri, epi Konbyen sa Koute.....	13
Avantaj Asirans pou Swen Dan.....	13
Esklizyon ak Limitasyon.....	17
Rezo Founisè Sèvis yo.....	20
Evalyasyon Danje pou Sante.....	28
Kowòdinasyon ak Tranzisyon Swen.....	28
Doleyans ak Apèl.....	30
Kalifikasyon ak Dezakò sou Enskripsyon.....	35
Koken ak Abi.....	34
Kalite ak Ranman.....	38
Dwa ak Responsablite Manm yo.....	39
Definisyon.....	50
Notifikasyon sou Konfidansyalite.....	54
Notifikasyon kont Diskriminasyon.....	56

Enpòtan:

Pa bliye enskri nan adrès

MemberAccess.DentaQuest.com

Ou ka ògànize avantaj asirans pou swen dantè ou,
ak resevwa kat didantite (ID) ou anliy.

Ou ka Jwenn Swen ljan 24/7

nan Teledentistry

bit.ly/FL-teledentistry

866-302-0905

Pou kòmanse: Eleman Fondamantal nan Pwogram lan

Kisa Florida KidCare ye?

Florida KidCare se bon kalite pwogram asirans nan Eta Florid pou sante ak pou swen dantis ki pa koute chè pou timoun. Genyen kat patnè Florida KidCare. Chak nan patnè yo bay asirans pou yon diferan gwoup timoun:

- Florida Healthy Kids Corporation administre Florida Healthy Kids pou timoun ki genyen depi laj 5 an jiska fen 18 an.
- Agency for Health Care Administration administre Medicaid pou timoun jiska laj 1 an, ak MediKids pou timoun ki genyen ant 1 ak 4 an.
- Department of Health [Depatman Sante] administre Children's Medical Services Managed Care Plan [Plan Sèvis Medikal Òganize pou Timoun] pou timoun ki gen bezwen espesyal pou sante, depi nesans yo jiska laj 18 an.
- Department of Children and Families [Depatman pou Timoun ak Fanmi] administre Behavioral Health Network [Rezo pou Sante Konpòtman] pou timoun ki genyen depi 5 an jiska laj 18 an.

Kisa Florida Healthy Kids ye?

Florida Healthy Kids se yon asirans pou sante ak pou swen dan pou timoun, lè fanmi yo satisfè kèk kondisyon ki anrapò avèk salè yo ak lòt kondisyon pou yo kalifye. Gen konpayi asirans ki òganize avantaj pou sante ak pou swen dantis yo dapre yon modèl swen administre.

Kisa ki rele swen administre?

Objektif swen administre, se bay bon kalite swen sante pou bon mache. Konpayi asirans nan Florida Healthy Kids yo sèvi avèk plizyè apwòch pou rive fè sa, epi men 2 nan apwòch prensipal yo:

- Tabli yon rezo pwofesyonèl sante. Dantis ak lòt pwofesyonèl sante ki nan rezo a aksepte swiv kèk prensip, tankou bay manm yo randevou pi bonè yo kapab oubyen, si yon manm bezwen yon espesyalis, dantis la dwe rekòmande li bay yon espesyalis nan rezo a. Sòf si yon manm gen yon ka ijans, li dwe ale wè yon pwofesyonèl sante ki travay pou rezo a.

- Tabli règleman ki di nan ki ka, ak ki kalite sèvis, founiti, aparèy, ak lòt pwodwi ki kouvri. Konpayi asirans Florida Healthy Kids yo peye sèlman pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal.

Èske se Florida Healthy Kids ki se konpayi asirans pou pitit mwen an?

Non. Konpayi asirans pou swen dantis pou pitit ou a se DentaQuest. DentaQuest se prensipal sous enfòmasyon ou, sou kesyon avantaj asirans ak sou sèvis pitit ou ka jwenn.

Kilè ak kouman mwen ka chanje konpayi asirans?

Gen kèk moman ak kèk rezon sèlman ki ka pèmèt ou chanje konpayi asirans.

Konnekte sou kont ou anliy si ou vle chanje konpayi asirans pandan 90 premye jou apre enskripsyon pitit ou, oubyen pandan peryòd renouvèlman pou pitit ou chak ane.

Rele Florida KidCare nan nimewo 1-888-540-KIDS (5437) pou chanje konpayi, si pitit ou a pa viv nan zòn plan an sèvi ankò.

Ou mèt rele Florida KidCare tou, si ou vle chanje konpayi pou youn nan rezon sa yo:

- Dantis pitit ou a gen obligasyon moral oswa relijye ki pa pèmèt li fè yon sèvis pitit ou bezwen.
- Pitit ou a bezwen diferan sèvis ki dwe fèt an menm tan, epi doktè prensipal pitit ou a kwè sa kapab mete timoun lan an danje san nesèsite si sèvis yo ta fèt separeman, men tout sèvis ki dwe fèt ansanm yo pa antre nan plan pou swen dantis ki nan rezo a.
- Pitit ou a gen yon relasyon aktif avèk yon founisè swen pou dan ki pa nan rezo plan an, men ki nan rezo yon lòt plan dantis nan zòn lan.
- Plan an pa la ankò nan zòn kote pitit ou a ap viv.
- Florida Healthy Kids Corporation mande konpayi asirans la pran aksyon pou amelyore kalite swen li bay.
- Lòt rezon Florida Healthy Kids Corporation kwè ki aplikab, tankou lè ou pa kapab jwenn sèvis oswa founisè sèvis ki gen ase eksperyans pou fè sèvis pou pitit ou, oubyen lòt rezon konsa ki ka posib.

Èske mwen ka chwazi nenpòt nan konpayi asirans pou swen dan yo?

Wi, konpayi asirans yo la nan tout Eta a, kidonk ou ka chwazi nenpòt opsyon:

- DentaQuest, Inc.
- Liberty Dental Plan of Florida, Inc.
- MCNA Dental Plan

Èske DentaQuest kapab ànile enskripsyon pitit mwen?

DentaQuest pa kapab ànile enskripsyon pitit ou dirèkteman.

Si DentaQuest kwè pitit ou pa kalifye pou Florida Healthy Kids, DentaQuest ka mande Florida Healthy Kids Corporation retounen gade ak verifye kalifikasyon pitit ou. Si l ap mande pou yo retounen gade kalifikasyon yon timoun, DentaQuest dwe di rezon ki fè timoun lan kapab pa kalifye, ak kouman li fè genyen enfòmasyon sou sa.

Florida Healthy Kids Corporation ap deside si timoun lan kapab rete enskri. Kouvèti asirans pitit ou ap fini nan dènye jou Mwa Kouvèti timoun lan: a) sispann kalifye pou patisipe; b) ale viv nan yon kote ki pa nan Zòn Sèvis la; oswa c) komèt yon fwod epi yo dekouvri li.

Kouman mwen kapab ànile enskripsyon pitit mwen nan Florida Healthy Kids?

Rele Florida KidCare nan nimewo 1-888-540-KIDS (5437) pou fè konnen ou vle ànile enskripsyon pitit ou. Kouvèti asirans lan ap fini a 11:59 diswa, nan dènye jou nan mwa ou rele pou mande ànile asirans lan. Kidonk, si ou rele nan dat 15 janvyè pou mande ànile kouvèti asirans pitit ou, kouvèti asirans timoun lan pral kontinye jiska 31 janvyè.

Si mwen ànile kouvèti asirans pitit mwen, èske mwen pral kapab enskri timoun lan ankò pi ta nan Florida Healthy Kids? Èske m ap genyen pou mwen fè aplikasyon ankò?

Ou kapab enskri pitit ou nan Florida Healthy Kids ankò toutotan kondisyon kalifikasyon yo satisfè. Rele Florida KidCare nan 1-888-540-KIDS (5437) pou mande si ou bezwen pase nan pwosesis aplikasyon an ankò, ak kilè kouvèti asirans pou pitit ou a kapab kòmanse.

Kisa Florida Healthy Kids Kouvri, epi Konbyen sa Koute

Nou fenk soti nan yon lòt Eta pou vin rete isit la, epi nan lòt Eta a plan pitit mwen an pa te kouvri kèk sèvis poutèt objeksyon moral oswa relijye. Kouman mwen ka vin jwenn sèvis sa yo nan Florid?

DentaQuest fè sèvis pou tout avantaj ki kouvri yo, epi li pa retire okenn avantaj (gade nan paj 11) poutèt objeksyon moral oswa relijye. Si gen sèvis dantis pitit ou a pa fè poutèt objeksyon moral oswa relijye, rele DentaQuest. DentaQuest ap ede w jwenn sèvis sa yo.

Èske gen kèk dantis mwen oblije ale wè?

Sòf si pitit ou a gen yon ka ijans, li dwe ale wè yon pwofesyonèl sante ki travay pou rezo a pou asirans kouvri sèvis li bezwen yo. Ou ka bezwen tou pou mande dantis prensipal pitit ou a yon rekòmandasyon, pou ale kay yon espesyalis. Gade seksyon sou Founisè Sèvis nan Rezo a, pou wè plis enfòmasyon sou kondisyon sa a.

Èske m ap genyen pou peye dantis la anyen?

Sèvis DentaQuest kouvri yo gratis

Responsablite pou Peman

Florida Healthy Kids Corporation ak moun ki enskri ladan li pa responsab pou peye pou sèvis ki kouvri yo, si DentaQuest ta vin fèmen.

Avantaj Asirans pou Swen Dan

Tablo pi ba la a montre sèvis dantè nou kouvri yo. Se sèlman pou sèvis ki nesèsè pou rezon medikal nou pral peye.

Si gen chanjman ki fèt nan sèvis ki kouvri yo, oswa lòt chanjman k ap gen konsekans pou ou, n ap fè ou konnen sa omwen 30 jou anvan dat chanjman an ap antre anvigè.

Si ou gen kesyon sou nenpòt sèvis pou swen dan ki kouvri, ou mèt rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557, TTY 711 pou moun ki pa tande byen, oswa 1-800-855-2880. Pou retoune gade avantaj asirans ou yo, ale nan adrès MemberAccess.DentaQuest.com

*Kouvèti asirans se pou manm ki gen ant 5 ak 18 an, men gen sikonstans ki ka pèmèt pwolonje kouvèti a jiska peryòd yon moun fin akouche. FHKC pral deside sou kalifikasyon ou.

Sèvis	Deskripsyon	Limitasyon Kouvèti	Otorizasyon davans
Egzamen Dantè	Lè yon dantis egzaminen youn oubyen plizyè dan, oswa tout dan nan bouch out	<ul style="list-style-type: none"> Egzamen konplè kouvri 1 fwa chak 3zan Egzamen verifikasyon kouvri 2 fwa chak ane Egzamen pou ijans yo kouvri lè yo nesèsè mediklma 	Non
Depistaj Dantè	Lè yon ijyennis dantè egzaminen bouch ou	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri pou 2 fwa chak ane Kapab fèt nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	Non
Radyografi pou dan	Radyografi plizyè kote anndan bouch	<ul style="list-style-type: none"> Radyografi dan sou kote yo kouvri 2 fwa chak ane Radyografi Periapical (PA) kouvri pou chak vizit Radyografi Pannoramik pou tout bouch la kouvri 1 fwa chak 60 mwa 	Non
Netwayaj Dantè	Netwayaj bazik, ki kapab genyen ladan bwosaj, pase fil dantè, grataj, ak polisaj dan yo	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri 2 fwa chak ane Kapab fèt tou nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	Non

Sèvis	Deskripsyon	Limitasyon Kouvèti	Otorizasyon davans
Fliyorid	Se yon medikaman yo mete sou dan moun pou fè yo pi fò	<p>Tretman avèk fliyorid la kouvri:</p> <ul style="list-style-type: none"> • 4 fwa chak ane pou timoun ki gen • laj ant 0 ak 5 an • 2 fwa chak ane pou timoun ki gen • laj ant 6 ak 18 an • Kapab fèt tou nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	Non
Selaj	Kouch pwoteksyon mens an plastik, ki depoze nan kannal ki kouri sou tèt dan pèmànan ki sèvi pou kraze manje yo, pou anpeche dan yo pike	<ul style="list-style-type: none"> • Nou kouvri selaj 1 fwa chak 3zan pou chak dan pèmànan (dèyè) ki sèvi pou kraze manje yo • Kapab fèt tou nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	Non
Direktiv pou Ijyèn Bouch	Esplikasyon sou jan pou bwose dan, ak pase fil dantè, pou kenbe dan ou an sante	<ul style="list-style-type: none"> • Nou kouvri direktiv pou ijyèn bouch yo 2 fwa chak ane • Kapab fèt tou nan yon lekòl oswa nan yon pwogram Head Start 	Non

Sèvis	Deskripsyon	Limitasyon Kouvèti	Otorizasyon davans
Pwoteksyon pou Espas	Se yon mwayen pou kenbe espasman nan bouch moun lan, lè gen yon dan ki manke oubyen ki rache	<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri lè sa nesèsè medikalman 	Non
Plonbaj ak Kouvòn	Se yon sèvis dantis fè pou ranje oswa plonbe yon dan	<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri lè sa nesèsè medikalman 	Non
Devitalizasyon	Yon sèvis dantè pou ranje pati ki anndan yon dan (nè a)	<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri lè sa nesèsè medikalman 	Non
Peryodontik	Netwayaj an pwofondè, ki kapab fèt ni nan dan, ni nan jansiv ou	<ul style="list-style-type: none"> • Kouvri lè sa nesèsè medikalman 	Non
Pwostodontik	Ratelye oubyen lòt kalite aparèy pou ranplase dan	<ul style="list-style-type: none"> • 1 ratelye anwo, 1 anba, oswa 1 ansanm ratelye konplè • 1 ratelye anwo, 1 anba, oswa 1 ansanm ratelye pasyèl • 1 pon pou ranplase dan devan • 1 koreksyon pou fè ratelye kenbe oswa chita byen (realiyen) pou chak ratelye chak ane 	Non

Sèvis	Deskripsyon	Limitasyon Kouvèti	Otorizasyon davans
Òtodontik	Pwotèz oubyen lòt mwayen pou korige pozisyon dan yo	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri lè sa medikalman nesèsè (pa kouvri pou rezon kosmetik) 	Wi
Rache dan	Retire dan nan bouch	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri lè sa medikalman 	Non
Sedasyon	Yon mwayen pou fè sèvis dantè pandan pasyan an nan dòmi oubyen andòmi pasyèlman	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri lè sa medikalman 	Non
Sant Chiriji pou Pasyan Ekstèn oswa Sèvis Dantè nan Lopital	Sèvis dantè ki pa kapab fèt nan klinik yon dantis. Se sèvis yo bezwen fè avèk lòt kalite ekipman, oubyen pafwa kay	<ul style="list-style-type: none"> Kouvri lè sa nesèsè medikalman pou nenpòt sèvis dantè pasyan an bezwen 	Non

Esklizyon ak Limitasyon

Kondisyon pou Sèvis yo

DentaQuest ap peye pou sèvis li kwè ki nesèsè pou rezon medikal, epi ki pa menm avèk sèvis yon lòt kote deja fè pou yon pasyan. Dapre Eta Florid la, yon sèvis ki "nesèsè pou rezon medikal" se yon sèvis ki satisfè kondisyon sa yo:

- Sèvis la dwe pèsonealize, li dwe espesifik, epi li dwe koresponn avèk sentonm oubyen dyagnostik konfime pou maladi oswa chòk doktè ap trete a, epi li pa dwe depase sa pasyan an bezwen;
- Sèvis la pa dwe ap fèt kòm esperyans ni pou yon ankèt;
- Sèvis la dwe fèt nan yon nivo ki pa gen danje, epi sèlman si pa genyen lòt sèvis menm jan an ki kapab fèt san danje, avèk

menm efikasite, ak yon jan ki pi tradisyonèl oubyen pou yon pri ki pi ba nan tout Eta a; epitou

- Sèvis la dwe fèt nan yon jan ki pa te oswa moun k ap okipe pasyan an, oswa moun k ap fè sèvis la.

Si yon dantis ki travay nan rezo a preskri, oswa rekòmande, oswa apwouve yon tretman medikal, oswa yon pwodwi, oswa yon sèvis ki anrapò avèk tretman an, sa pa reprezane poukont li yon rezon pou tretman, pwodwi, oswa sèvis la nesèsè pou rezon medikal, ni pou plan an kouvri sèvis la.

Esklizyon

DentaQuest pa kouvri sèvis dantis pi ba la yo:

- Aplikasyon fliyorid sou yon dan anvan yon restorasyon
- Restorasyon yon dan pou timoun piti, si li pral chanje dan an anvan 6 mwa pase
- Kouwòn ki poze sèlman pou rezon kosmetik
- Pon fiks oswa ratelye pasyèl ki fiks
- Nenpòt tretman ki pa kapab fèt poutèt eta sante oubyen limit fizik yon pasyan ki kalifye, dapre deklarasyon doktè pèsonnèl pasyan an, oswa dantis/espesyalis li, oswa direktè tretman dantè pasyan an
- Nenpòt pwosedi dantè ki, dapre yon dantis/espesyalis ki patisipe nan plan an, oswa direktè tretman dantè a, se yon pwosedi pou fè eksperyans
- Plan pou sante Florida Healthy Kids la peye pou medikaman dantis la preskri
- Nenpòt tretman ki peye konplètman avèk lajan konpansasyon travayè oswa dapre règleman sou responsablite anplwayè, oswa lajan yon ajans federal oubyen ajans Eta a, oswa lajan lòt asirans manm lan genyen
- Nenpòt tretman ki fèt san peye avèk lajan ki soti nan yon minisipalite, yon konte, oswa yon lòt kalite sibdivizyon politik

- Nenpòt swen dan yon dantis jeneralis oubyen yon espesyalis ki pa patisipe nan plan an fè, sòf si gen yon ka ijans
- Sèvis ki fèt kòm konsekans nenpòt aksyon militè, menm si se pa nan yon lagè ki deklare, oubyen ki se konsekans sèvis militè
- Dantis ki patisipe nan plan an gen dwa refize fè tretman pou yon manm ki pa swiv tretman dantis la preskri a
- Nenpòt tretman dantis ki kòmanse anvan dat efektif pou yon manm kalifye pou avantaj yo; sa vle di, san se pa sa sèlman, preprasyon dan pou poze kouwòn, oubyen tretman devitalizasyon oswa òtodontik k ap kontinye; DentaQuest pral analize tout eksepsyon ki ka posib pou yon tretman ki deja kòmanse
- Konsiltasyon pou sèvis ki pa kouvri nan plan an
- Poze oubyen retire enplantasyon, akseswa ki poze oubyen sèvis ki fèt pou enplantasyon an
- Restorasyon ki fèt sèlman pou rezon kosmetik
- Rache dan ki pa montre okenn sentonm (okenn siy enfeksyon); sa vle di, san se pa sa sèlman, rache twazyèm molè nan bouch yon pasyan
- Tretman oubyen rache dan pwovizwa timoun ki pa gen enfeksyon, lè timoun lan pral chanje dan an nòmalman
- Blesi aksidantèl, ki defini tankou blesi nan tisi di ak tisi mou anndan bouch pasyan an, ki fèt avèk yon bagay ki pa anndan bouch la (nòmalman, se asirans maladi manm lan genyen nan Florida Healty Kids ki kouvri ka sa yo)
- Detatraj peryodontik san pa genyen sifasaj radikilè ki fèt
- Pa dwe genyen kari dantè, ni plonbaj, ni rezin ki deja la sou sifas dan yo pral kouvri avèk selaj la
- Plan an pa kouvri ratelye pasyèl: 1) si genyen omwen 8 dan dèyè ki nan oklizyon; oswa 2) pou ranplase yon sèl dan sòf si se yon dan devan ki manke

Limitasyon

- Limit pou plonbaj se youn pou chak dan sou chak sifas chak 3zan
- Limit pou restorasyon konpozit/rezin sou dan dèyè yo se yon fwa sou sifas chak dan chak 3zan
- Limit pou sele yo se yon aplikasyon pou chak dan chak 3zan. Plan an kouvri selaj sèlman pou premye ak dezyèm molè pèmanan, pou dan nimewo: 2, 3, 14, 15, 18, 19, 30, ak 31
- Prezèvatè espas yo limite nan aparèy fiks, ki dwe prezève espas la pasivman pandan omwen sis mwa
- Tretman palyatif yo limite nan sikonstans kote lòt tretman oswa lòt sèvis pi definitif yo pa rekòmande
- Tretman devitalizasyon dan yo limite nan sikonstans kote dan an gen yon kouwòn ki ka ranplase, epi pwognosis dan an pa kesyonab, epi dantis la pa prevwa timoun lan pral chanje dan sa a anvan 18 mwa

Rezo Founisè Sèvis yo

Veye pou Avantaj Asirans Pitit ou yo Kouvri

DentaQuest ap peye pou sèvis ki kouvri yo sèlman si pitit ou a ale wè yon doktè ki travay nan rezo a. Pitit ou ap genyen yon dantis prensipal (PCP) ki pral kowòdonnen swen pou dan li. Si pitit ou bezwen wè yon espesyalis (ki se yon dantis oswa yon doktè ki konsantre sou yon sèl kalite tretman), dantis prensipal timoun lan ap bay yon rekòmandasyon pou li.

Sèvis pou ijans yo fè eksepsyon nan règ sa a. Pitit ou kapab ale wè nenpòt ki pwofesyonèl sante pou ka ijans, epi lè sa a, li pa bezwen rekòmandasyon davans.

Kisa yo rele yon founisè sèvis nan rezo a?

Yon founisè sèvis nan rezo, se yon dantis, yon doktè, yon pwofesyonèl sante, yon lopital oubyen yon sant sante, yon famasi, oswa yon konpayi ki vann founiti medikal, ki siyen kontra avèk yon plan ki okipe manm nan Healthy Kids.

Kouman pou mwen fè konnen si dantis mwen an se yon founisè nan rezo a?

DentaQuest gen yon lis founisè sou sit entènèt li, kote ou ka gade ki founisè nan rezo a ki nan zòn ou, dapre non founisè a oswa dapre ki sèvis li fè. DentaQuest ajoute dènye enfòmasyon ki genyen nan lis founisè ki sou sit entènèt la, chak fwa DentaQuest resevwa nouvo enfòmasyon founisè yo voye.

DentaQuest gen yon kopi ki kapab enprime tou, ki genyen founisè sèvis ou ka jwenn yo. Ou ka jwenn dokiman sa a nan adrès www.DentaQuest.com oubyen rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST, epi mande yon kopi. DentaQuest ap voye yon kopi gratis nan lapòs ba ou. Kopi sa a revize omwen yon fwa chak mwa, men li kapab pa gen menm prezizyon avèk anyè frounisè ki anliy la.

Sonje mande nan klinik dantis ou a si yo aksepte DentaQuest toujou. Sonje byen pou w di yo DentaQuest avèk Florida Healthy Kids, men pa Florida Healthy Kids sèlman.

Mwen gade nan anyè a, men mwen bezwen asistans toujou.

Ou mèt rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST, pou mande asistans.

Pitit mwen an konn ale wè yon dantis mwen renmen anpil, men dantis la pa nan rezo DentaQuest la. Kisa mwen kapab fè?

Ou pral genyen pou w peye pou nenpòt sèvis ou resevwa nan men yon dantis ki pa travay avèk DentaQuest, sòf si se pou swen nan yon ka ijans. Gade byen si yon dantis travay avèk DentaQuest anvan ou resevwa swen nan men li. Si dantis ou pa nan rezo a, ou ka rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST, pou bay non dantis ou pito a pou mete nan rezo a.

Kouman pou mwen chwazi yon dantis prensipal pou pitit mwen?

Dentaquest ap asiye yon founisè sèvis prensipal pou pitit ou, men ou ka chwazi yon founisè tou. Yon klinik Denta Home, se kote pitit ou ale wè yon dantis chak 6 mwa. Dantis nan klinik Dental Home la ap fè sèvis moun nan fanmi w bezwen pou rete an sante. Rele DentaQuest si ou gen kesyon sou Klinik Dantis ou.

Pou chwazi yon dantis:

Anrejistre epi konnekte sou MemberAccess.DentaQuest.com pou chwazi yon dantis nenpòt kilè.

Rele Sèvis Kliyantèl la san peye nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST.

Pou jwenn yon founisè sèvis ki nan rezo a, ou mèt ale tou nan sit entènèt nou an, nan adrès www.DentaQuest.com epi swiv etap sa yo:

- Chwazi FIND A DENTIST (Jwenn yon Dantis) nan kwen anlè adwat paj entènèt la
- Chwazi Medicaid/Medicare/CHIP
- Chwazi Florida (Florid)
- Mete adrès ou, kòd postal oswa vil ou, oubyen klike sou "Use My Location" (Sèvi avèk adrès kote mwen ye a)
- Klike sou lyen "All Plans" lan (Tout Plan yo). Si ou pa wè plan ou genyen an nan lis la, klike sou "Find a Different Plan" (Jwenn yon Lòt Plan). Kontinye desann jouktan ou wè *FL*, epi chwazi Florida Healthy Kids.
- Ou ka chwazi yon dantis dapre non an, oswa kote li ye, oswa espesyalite li.
- Kèlkeswa jan ou chèche a, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou dantis yo, tankou lè yo travay, ak si yo aksepte nouvo pasyan, ak si fotèy woulan ka antre nan kote a. Ou ka jwenn tou ki wout pou ou fè pou ale nan klinik la.

Èske mwen ka chanje dantis prensipal pitit mwen an?

Pou chanje Dental Home pitit ou, konnekte sou adrès MemberAccess.DentaQuest.com oswa rele Sèvis Kliyantèl la nan

nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè Estanda EST.

Èske mwen ka chwazi nenpòt ki dantis prensipal?

Ou mèt chwazi nenpòt dantis nan rezo a k ap aksepte nouvo pasyan. Si pitit ou deja ap wè yon dantis nan rezo a ki p ap aksepte nouvo pasyan nan plan an, dantis la kapab aksepte pou kontinye wè pitit ou. Rele klinik dantis la pou mande. Si dantis ou a dakò, rele DentaQuest pou DentaQuest kapab konfime sa avèk dantis pitit ou a, epi pou li anrejistre li kòm dantis prensipal pitit ou. **Se pa tout dantis k ap kapab aksepte fè aranjman sa a.** Si dantis pitit ou a pa kapab kontinye wè li, ou pral genyen pou w chwazi yon nouvo dantis prensipal.

Kouman pou mwen mande yon randevou?

Rele klinik dantis la, epi di:

- Ou vle pran yon randevou;
- Si pitit ou a se yon nouvo pasyan;
- Pou kisa ou vle wè dantis la; epi
- Non plan pitit ou enskri a, ki se DentaQuestFlorida Healthy Kids.

Poze kesyon sa yo:

- Èske gen anyen mwen dwe pote nan randevou a?
- Èske gen fòmilè mwen dwe ranpli davans?
- Kiswa mwen dwe fè, si mwen bezwen chanje oswa ànile?
- Èske mwen pral gen pou mwen peye, si mwen ànile yon randevou?

Mete kalandriye aktivite w devan w anvan ou rele, pou w kapab konnen ki jou ak ki lè ki pral bon pou ou pran randevou a.

Sonje pote kat didante manm pou pitit ou a (ID) nan randevou a.

Dantis pitit ou a bezwen kat sa a, kidonk si ou pa pote l, li kapab pa wè pitit la.

Pitit mwen an bezwen wè yon espesyalis. Kisa mwen dwe fè?

DentaQuest siyen kontra avèk espesyalis pou swen dan. Si dantis

prensipal la di pitit ou a bezwen wè yon espesyalis, kontakte DentaQuest nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou mounki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) oubyen gade nan anyè ki anliy la nan adrès www.DentaQuest.com pou wè yon lis espesyalis ki patisipe yo.

Pou kisa pitit mwen an bezwen yon rekòmandasyon?

Dantis prensipal pitit ou a kapab fè pifò nan swen pitit ou a bezwen pou dan li. Se dantis sa a ki kapab ede w pi byen nan desizyon sou swen bouch pitit ou, sa ki vle di tou lè timoun lan bezwen ale wè yon espesyalis. Pifò nan espesyalis yo pa pral mande rekòmandasyon. Founisè sèvis prensipal ou ap voye yon rekòmandasyon, si sa nesèsè. Epitou, se dantis prensipal la ki konnen pi byen eta sante dan pitit ou a.

Kouman pou mwen jwenn yon rekòmandasyon?

1. Rele klinik dantis prensipal pitit ou a. Ou kapab genyen pou w fè yon randevou pou wè avèk dantis la. Dapre ki kalite espesyalis pitit ou a bezwen, ak abitud dantis la genyen avèk pwoblèm piti ou a, dantis la kapab pa bezwen wè pitit ou a anvan.
2. Si dantis prensipal pitit ou a kwè timoun lan bezwen wè yon espesyalis, l ap voye pitit ou a wè yon espesyalis nan rezo a. Genyen nan klinik dantis yo k ap ba ou yon papye rekòmandasyon pou w pote nan randevou kay espesyalis la. Gen lòt klinik k ap voye rekòmandasyon an bay espesyalis la pou ou. Sonje mande si yo resevwa rekòmandasyon an nan klinik espesyalis la.
3. Rele klinik espesyalis la pou mande yon randevou. Sonje fè sa anvan li twò ta, oubyen ou ka oblije pran yon lòt randevou kay dantis prensipal pitit ou a. Genyen kèk klinik dantis k ap fè sa pou ou, men ou dwe fè yo konnen ki jou ak ki lè ou ka ale nan randevou a.
4. Si dantis prensipal la ba ou yon papye rekòmandasyon, sonje pote papye a nan randevou pitit ou a.

Èske pitit mwen an ap toujou bezwen yon rekòmandasyon?

Pifò nan espesyalis yo pa pral mande rekòmandasyon. Founisè sèvis prensipal pitit ou a ap voye yon rekòmandasyon, si sa nesèsè.

Èske gen lòt kondisyon mwen dwe konnen, tankou rekòmandasyon doktè?

Dantis pitit ou a kapab genyen pou li mande otorizasyon davans nan plan an, pou plan an aksepte peye pou yon kalite sèvis. Pwofesyonèl sante k ap okipe pitit ou a gen responsablite pou li mande otorizasyon davans yo, kidonk ou pa gen pou fè anyen. Menm si plan an pa apwouve oswa kouvri yon sèvis, pitit ou a ka toujou resevwa sèvis la, men se ou menm k ap genyen pou w peye pou li.

Chak plan gen règleman diferan pou rekòmandasyon, ak otorizasyon davans, ak lòt kondisyon konsa ki dwe satisfè. Gade nan liv pou manm yo, pou wè ki plan ki genyen nan zòn ou ye a. Ou toujou ka rele Sèvis Kliyantèl plan an, si ou gen kesyon oubyen pwoblèm.

Pitit mwen an bezwen sèvis yon espesyalis, men pa gen espesyalis nan zòn mwen ye a ki travay nan rezo a.

Rele DentaQuest pou mande yo ede w jwenn yon founisè sèvis. Se responsablite plan Florida Healthy Kids yo pou ede w jwenn sèvis pitit ou bezwen. Si yo pa ka jwenn founisè sèvis ki travay nan rezo a, DentaQuest ap pran dispozisyon pou fè pitit ou a jwenn sèvis medikal ki nesèsè asirans lan kouvri.

E si mwen gen enkyetid sou tretman oswa plan pou tretman pitit mwen an?

Ou mèt mande yon dezyèm opinyon. Dezyèm opinyon an, se lè ou mennen pitit ou kay yon lòt dantis pou menm pwoblèm ki fè ou te deja mennen li wè yon premye dantis.

Ou ka mande yon lòt dantis nan klinik ou ye a pou li ba ou yon dezyèm opinyon. Ou ka rele DentaQuest tou, pou mande l ede w jwenn yon lòt dantis pou w ale wè nan rezo a.

Ou dwe santi ou alèz pou w pale avèk dantis pitit ou sou diferan chwa ou ka fè pou sante ak tretman pitit ou. Si gen bagay ou pa konprann, poze kesyon epi mande kisa ki bon ak kisa ki kapab pa bon nan nenpòt tretman. Si gen anpil fwa ou pa santi ou alèz pou poze kesyon, oubyen yo pa ba ou enfòmasyon ou bezwen yo, gade si ou vle chwazi yon nouvo dantis pou pitit ou.

Ki règ rezo DentaQuest la oblije satisfè?

DentaQuest oblije gen yon rezo ki genyen ase pwofesyonèl sante pou pèmèt manm yo jwenn sèvis asirans kouvri yo, san pèdi tan.

Pafwa DentaQuest konn pa rive satisfè kondisyon sa a. Gen anpil fwa sa konn rive paske pa gen ase pwofesyonèl sante pou dan ki travay nan zòn lan. Pafwa pa gen ase nan pwofesyonèl sa yo ki swen timoun, oubyen ki aksepte plan Florida Healthy Kids ofri yo.

Si gen yon kalite founisè pitit ou a bezwen ki fè sèvis pou li, DentaQuest kapab ede w jwenn youn nan zòn kote ou ye a. Si pa gen founisè sa yo nan rezo ki toupre ou, DentaQuest ap pran dispozisyon pou ede pitit ou a wè yon founisè ki pa nan rezo li. Ou dwe pase nan DentaQuest pou w kapab ale wè yon founisè sèvis ki pa nan rezo a, sòf si pitit ou a bezwen sèvis ijans.

DentaQuest veye pou pifò nan manm yo kapab rive kay dantis yo san sa pa pran twò lontan, ni san sa pa twò lwen lakay yo. Pa egzanp, si ou rete nan yon vil (sektè iben), ou dwe kapab jwenn yon klinik dantis prensipal ki travay nan rezo a nan anviwon 20 minit, oswa nan yon distans ki pa plis pase 20 mil avèk lakay ou.

Men estanda pou tan ak distans Florida Healthy Kids yo:

	Estanda pou Tan - an minit		Estanda pou Distance - an mil	
	Zòn riral	Sektè iben	Zòn riral	Sektè iben
Swen dan - dantis prensipal	30	20	30	20
Espesyalis	40	20	30	20

Mwen toujou oblije tann lontan pou jwenn yon randevou nan klinik dantis pitit mwen an. Kisa mwen kapab fè?

Founisè sèvis nan rezo a dakò pou yo bay manm Florida Healthy Kids yo randevou nan limit tan ki ekri pi ba la yo. Si yon founisè sèvis nan rezo a di pou ou tann pi lontan pase limit sa yo, tanpri rele Sèvis Kliyantèl DentaQuest la nan nimewo telefòn 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen, oswa 1-800-855-2880).

- Si pitit ou a gen yon ka ijans ki mete lavi li an danje epi li bezwen swen tousuit, tanpri ale nan sal ijans lopital ki pi pre a oswa rele 911.
- **Swen woutin** – swen ki ka tann san yo pa kwè eta sante pitit ou a pral vin pi grav anvan yon semenn pase – yo dwe fè swen yo pou li anvan sèt jou pase, apre ou fè demann pou sèvis la.
- **Swen pou swivi** – swen pou yon pasyan apre tretman pou yon pwoblèm sante - sa dwe fèt dapre kondisyon medikal pitit ou a, epi dapre rekòmandasyon pwofesyonèl sante k ap okipe pitit ou a.
- **Swen pou ijans** – swen ki dwe fèt anvan 24 èdtan pase, pou ka a pa vini yon ka ijans – li dwe fèt anvan 24 èdtan pase apre ou fè demann lan. Chèche konnen ki kote ki gen sant pou ka ijans pou kalite swen sa yo. Sant pou ka ijans yo konn ouvri anpil fwa byen ta, oswa pandan wikenn.

Kouman pitit mwen an kapab jwenn swen apre lè travay nòmal yo?

Gen plizyè jan pou jwenn swen apre lè travay nòmal yo, dapre sa pitit ou a bezwen:

- Founisè sèvis ki rete travay ta
 - Gen kèk founisè ki ouvri aswè ak pandan wikenn.
 - Rele biwo founisè sèvis la, oubyen ale nan sit Entènèt li pou gade kilè li ouvri.
- Sant pou swen ijan
 - Sant pou swen ijan yo wè pasyan ki bezwen atansyon tousuit, san se pa yon ka ijans, si yo pa ka wè dantis prensipal la.
 - Genyen kèk nan sant pou swen ijan yo ki mande pou w pran yon randevou pou yo wè w, men genyen ki aksepte ou vini san randevou. Sonje telefone davans pou w mande.
 - Nòmalman, sant pou swen ijan yo konsantre sou pwoblèm medikal, kidonk yo ka pa fè swen pou pwoblèm dantè. Sonje telefone davans pou w mande.
- Sal ijans lopital
 - Si pitit ou gen yon ijans ki mennase lavi li, rele 911 oubyen ale nan sèvis ijans ki pi pre a.

Kilè mwen dwe mennen pitit mwen nan sal ijans lopital?

Rele 911 oubyen mennen pitit ou nan yon sal ijans lopital si timoun lan gen yon pwoblèm medikal ki ijan. Sa vle di yon chòk oswa yon maladi, oubyen yon gwo doulè, ki bezwen yo swen timoun lan tousuit pou li pa nan yon danje grav pou lavi li oswa pou yon gwosès, oubyen pou anpeche timoun lan sibi yon domaj grav pou sante li.

Chèche pa mennen timoun lan nan yon sal ijans lopital poutèt yon mal dan, oswa pou yon pwoblèm ki pa yon ka ijans. Dantis prensipal pitit ou kapab trete avèk bon ranman pifò nan pwoblèm dan timoun lan genyen. Epi tou, dantis prensipal la konnen pifò nan pwoblèm timoun lan pase avèk dan li, kidonk li kapab ede w pran pi bon desizyon medikal yo. Lè dantis la sèvi avèk dosye sou sante pitit ou, ak fè depistaj woutin, sa mennen nan pi bon rezilta pou timoun lan, epi dantis prensipal la kapab dekouvri ak trete lòt pwoblèm dantè anvan yo vin grav.

Evalyasyon Danje pou Sante

"Evalyasyon Danje" se metòd yo sèvi pou pran enfòmasyon yon moun bay sou ereditè, abitud li nan lavi, ak faktè nan anviwonman li, pou gade ki maladi oswa ki pwoblèm sante moun lan kapab vin genyen.

Dantis ou a pral fè yon evalyasyon sante pandan egzamen bouch pasyan an. Dantis ou a pral tabli yon plan pou tretman ki baze sou danje pou sante li dekouvri pandan egzamen bouch la. Dantis ou ansanm ak DentaQuest kapab sèvi avèk yon evalyasyon danje pou rekonnèt ak tabli priyorite pou bezwen ou nan swen dantè.

Kowòdinasyon ak Tranzisyon Swen

Kisa k ap rive sèvis ak randevou ki deja pwograme pou pitit mwen an, si li chanje plan?

Si pitit ou a soti nan yon plan Florida Healthy Kids finanse pou ale nan yon lòt plan Florida Healthy Kids finanse san pa gen enteripsyon nan kouvèti asirans li (sa ki vle di pitit ou a pa pase yon mwa oubyen pi lontan san kouvèti asirans Florida Healthy Kids pandan l ap janbe ant konpayi asirans yo), plan yo ap reyalize yon tranzisyon nòmal nan pwogram pou swen yo, pou pèmèt pitit ou a resevwa swen li bezwen.

Nouvo plan pitit ou a pral kontinye kouvri nenpòt pwogram tretman ki te deja otorize nan ansyen plan an pandan 60 jou. Sa vle di pitit ou ap kapab:

- resevwa sèvis oswa tretman ki te deja pwograme yo;
- kontinye ale kay menm doktè a, menm si doktè a pa travay nan rezo ki sèvi nan nouvo plan an; epi
- kontinye jwenn menm preskripsyon an. Yo kapab mande w ale nan yon famasi ki sèvi nan rezo a.

Pi bon mwayen pou garanti tranzisyon sa a fèt san pwoblèm, se pou w rele nouvo plan pitit ou a, epi di yo ki kalite swen kontinyèl pitit ou a bezwen.

Mwen pran yon randevou avèk espesyalis pitit mwen an anvan nou chanje plan, men randevou a se nan plis pase 60 jou. Èske mwen dwe pran yon nouvo randevou?

Sa depann. Nouvo plan pitit ou a pral mande dantis prensipal li, oubyen yon lòt pwofesyonèl sante gade plan tretman pitit ou a pandan 60 premye jou apre plan an chanje. Analiz sa a pral ede fè sèvis timoun lan bezwen yo kontinye otorize. Yo kapab mande pou pitit ou a wè yon doktè ki travay nan rezo a.

Èske gen eksepsyon pou peryòd tranzisyon 60 jou pou swen an?

Wi. Men eksepsyon ki genyen pou 60 jou nòmal yo:

- Swen matènite: li genyen ladan swen avan akouche ak swen apre akouche, jiska fen swen apre akouche yo (6 semenn apre timoun lan fèt)
- Sèvis transplantasyon: jiska premye lane apre transplantasyon an
- Radyasyon ak kimyoterapi: pandan tout peryòd tretman ki deja ap fèt la
- Sèvis pou korije pozisyon dan: sèvis yo pral kontinye san rete jouktan tretman an fini (oswa jouktan peryòd asirans kouvri a fini, dapre sa ki rive anvan an), men yo ka mande pou pitit ou ale wè yon òtodontis ki travay nan rezo a apre premye 60 jou yo
- Preskripsyon pou sibstans ki kontwole: si lalwa nan Florid mande yon nouvo preskripsyon ki enprime sou papye, nouvo plan a pral

ede w pran yon randevou kay doktè ki te konn bay preskripsyon an, oubyen avèk yon nouvo doktè si sa nesèsè, pou pitit ou a kapab jwenn yon nouvo preskripsyon san medikaman li pa fini.

Èske mwen oblije kowòdone lè dosye medikal pitit mwen an ap transfere, avèk lè m ap voye peman pou bòdwo yo mwen menm?

Non. Ansyen plan pitit ou a te genyen an, ansanm ak nouvo plan an responsab pou kowòdone transfè dosye medikal ak lòt enfòmasyon ki nesèsè ant yo menm, epi yo ka ede pwofesyonèl sante yo jwenn dosye medikal yo bezwen. Ka genyen sikonstans kote ou dwe mande pwofesyonèl ki t ap okipe pitit ou anvan yo voye dosye medikal li bay nouvo founisè sèvis yo, menm jan ou ta fè si pitit ou a t ap chanje founisè sèvis pou nenpòt ki lòt rezon.

Nouvo plan pitit ou a pral kouvri kèk nan sèvis founisè ki pa nan rezo a fè pandan peryòd tranzisyon pou swen yo, jan sa esplike nan seksyon sa a. Si youn nan founisè sa yo voye yon bòdwo ba ou, rele nouvo plan pou pitit ou a, epi pare pou w voye yon kopi bòdwo a bay plan an.

Doleyans ak Apèl

Ou gen dwa depoze yon doleyans oubyen fè apèl si ou gen yon pwoblèm avèk tretman pitit ou oswa kouvèti asirans li. Menm si ou gen dwa sa a, li kapab bon si ou kontakte Sèvis Kliyantèl DentaQuest la anvan ou fè sa, nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880). Anpil fwa, yo pral kapab ede w rezoud pwoblèm yo.

Kisa ki rele doleyans ak apèl?

Yon doleyans se yon plent fòmèl ou pote bay DentaQuest sou yon kesyon ki anrapò avèk sèvis yo fè pou sante pitit ou.

Yon apèl se yon demann ekri ou fè bay DentaQuest pou retounen gade yon desizyon yo pran pou refize yon sèvis oswa yon peman.

Kilè mwen ka depoze yon doleyans?

Ou ka depoze yon doleyans si ou pa renmen yon bagay ki pase, ki pa anrapò avèk avantaj asirans pitit ou a, tankou:

- konpòtman yon dantis;
- kalite swen oubyen sèvis pitit ou resevwa; oswa
- si yo fè w tann twòp nan klinik la.

Kouman pou mwen depoze yon doleyans?

Ou ka fè nou konnen nan bouch oubyen alekri nenpòt kilè ou genyen yon doleyans. Ou mèt ba nou plis enfòmasyon sou doleyans ou a nenpòt kilè pandan pwosesis la. Ou ka rele nan telefòn, oswa ekri nou. Lè sa a, n ap gade doleyans ou a epi, konsa nou fini, n ap voye yon lèt ba ou pou fè w konnen rezilta ankèt sou pwoblèm la.

Si ou vle depoze doleyans ou alekri, ou mèt ekri pwòp lèt ou oswa mande yon fòmilè doleyans nan Sèvis Kliyantèl nou an, si ou rele 1-888-696-9557 depi lendi rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST.

- Repezantan nan sèvis kliyantèl la ka ede w ranpli fòmilè doleyans la nan telefòn, oubyen DentaQuest ka voye yon fòmilè ba ou nan lapòs anvan 3 jou ouvrab pase.
- **Voye lèt oubyen fòmilè a nan faks oswa nan lapòs nan adrès sa a:**
DentaQuest, Attn: Complaints & Grievances Department
P.O. Box 2906
Milwaukee, WI 53201-2906
Fax: 1-262-834-3452
- Mete non pitit ou, adrès la, nimewo manm lan, siyati w, ak dat la. Depatman Doleyan lan ap reponn moun ki ekri a sou papye pou fè konnen desizyon li, anvan 90 jou pase apre dat li resewva doleyans lan.

Dantis ou, oswa yon zanmi, oswa yon moun nan fanmi w kapab depoze yon doleyans pou ou, depi ou bay pèmision w pou sa sou papye. Pou chwazi yon moun k ap pran aksyon pou ou, DentaQuest bezwen:

- Yon lèt ki gen non w, nimewo Idantifikasyon (ID), nimewo telefòn, adrès, ak siyati w, pou fè nou konnen moun sa a gen dwa pran aksyon pou ou.
- **Ou voye lèt la nan lapòs oubyen nan faks pou fè nou konnen ki moun ou vle ki pran aksyon an pou ou:**
DentaQuest, Attn: Complaints & Grievances Department
P.O. Box 2906
Milwaukee, WI 53201-2906
Faks: 1-262-834-3452

Ou ka rele Depatman pou Doleyan ak Apèl nou an nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880) depi lendi rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST.

Konbyen tan pwosesis pou doleyans lan pran?

DentaQuest ap voye yon lèt pou di w li resevwa doleyans lan anvan 5 jou fran pase, apre li resevwa doleyans nan bouch oswa sou papye a. Apre dat sa a, DentaQuest pral ànalize ak pran yon desizyon final sou doleyans ou a anvan 90 jou fran pase.

Kilè mwen ka depoze yon apèl?

Ou mèt depoze yon apèl si ou resevwa yon repons negatif sou avantaj asirans, tankou lè:

- yo limite oswa refize yon demann pou sèvis;
- yo redwi oswa sispann yon sèvis ou deja genyen; oubyen
- DentaQuest deklare li refize fè yon peman

Kouman pou mwen depoze yon apèl?

Benefisyè yo ka depoze yon Reklamasyon aloral oswa alekri nan swasant (60) jou kalandriye apati dat yo resevwa notifikasyon sou yon Desizyon Refi sou Benefis. DentaQuest dwe konfime li resevwa Reklamasyon an alekri nan senk (5) jou travay. Reklamasyon yo limite a yonsèl nivo. Benefisyè yo ki vle kontinye fè apèl kont desizyon DentaQuest pou konfime yon Desizyon yo te deja fè apèl kont li, ka kontinye ak pwosesis revizyon ekstèn endepandan an.

Ou ka ba nou plis enfòmasyon sou apèl ou fè a nenpòt kilè pandan pwosesis la. Ou ka rele nan telefòn, oswa ekri nou. Ou gen dwa tou, pou gade dosye ou ak nenpòt dokiman ki anrapò avèk pwosesis la nenpòt kilè. Ou pral resevwa yon kopi tout fichye ak tout dokiman ki anrapò avèk apèl ou depoze a. N ap mande w gade sa ou resevwa a, epi fè nou konnen si gen enfòmasyon ki manke oubyen ou vle ajoute.

Ou mèt ekri nou oubyen telephone pou fè nou konnen si ou bezwen plis tan. N ap voye yon lèt ba ou epi n ap telephone w, si nou bezwen plis tan, jiska 14 jou. Lè sa a, n ap fè ou konnen pou kisa nou bezwen plis tan, ak ki enfòmasyon nou bezwen pou fin konplete apèl la. Ou gen dwa depoze yon plent si ou pa dakò avèk kantite tan nou pran pou fin konplete apèl ou mande a.

Kontakte Sèvis Kliyantèl DentaQuest la si ou vle konnen si ka ou genyen an kalifye pou yon pwosedi apèl rapid. Ou mèt rele nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen oswa 1-800-855-2880), depi lendi rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè EST.

Nou la pou ede w. Rele nou si ou gen nenpòt kesyon sou doleyans oswa apèl la.

Konbyen tan pwosesis pou apèl la pran?

DentaQuest ap pran yon desizyon epi l ap fè ou konnen li anvan 30 jou franse pase, apre li resevwa demann ou fè pou apèl la.

Si DentaQuest pa gen ase enfòmasyon pou trete demann apèl la, epi li wè l ap pi bon pou ou pou yo pran tan yo bezwen an, li kapab mande 14 jou anplis. Si ou bezwen bay plis enfòmasyon, ou mèt mande tou pou yo ba ou 14 jou an plis.

E si mwen bezwen yo ede mwen depoze yon doleyans oswa yon apèl?

Ou mèt chwazi yon reprezantan otorize oswa yon founisè sèvis pou pran aksyon sou non ou.

DentaQuest kapab ede w tou nan ranpli fòmilè ak reponn kesyon ki anrapò avèk pwosesis doleyans oswa apèl la.

E si se pou yon ka ijans?

Ou mèt mande yon pwosedi apèl akselere (rapid) si ou menm oswa founisè sèvis ou kwè sa ta mete lavi oubyen sante pitit ou an danje, si nou tann 30 jou nòmal yo.

Si DentaQuest dakò pou apèl la akselere, DentaQuest ap pran yon desizyon epi l ap fè w konnen sa anvan 72 èdtan pase, apre li resevwa demann apèl la. Si DentaQuest pa dakò avèk demann pou apèl akselere a, l ap fè w konnen sa, epi kalandriye a ap retounen nan tan nòmal ki se 30 jou a.

Diferans sa genyen avèk yon apèl nòmal la, se paske lè ou mande yon apèl akselere nan bouch, epi DentaQuest aksepte li, ou pa bezwen kore demann lan avèk yon demann apèl ekri.

E si mwen pa dakò avèk rezilta apèl mwen depoze a?

Ou menm, oubyen yon moun ou nonmen pou pran aksyon pou ou, kapab depoze yon demann pou yon revizyon anvan kat mwa pase,

apre ou resevwa lèt sou desizyon apèl nou an. Pou mande yon revizyon ekstèn, ou dwe sèvi avèk fòmilè pou demann revizyon ekstèn ki rele “Health and Human Services Administered Federal External Review Request Form” la; w ap resevwa fòmilè sa a ansanm ak lèt sou desizyon apèl la.

Si ou vle voye plis enfòmasyon pou yo gade pandan revizyon an, ou mèt pase yo nan eskànè pou voye yo avèk demann lan. Ou pa bezwen peye anyen pou depeze fòmilè a, ni pou revizyon an.

Si ou ta vle fè yon lòt moun mande pou revizyon ekstèn lan nan plas ou, ni ou menm ni reprezantan otorize w la pral bezwen konplete ak siyen yon Fòmilè pou Nonmen yon Reprezantan (Appointment of Representative Form) ou ka jwenn nan seksyon fòmilè yo (anba tit ki di "Form" la). Ou mèt voye fòmilè yo nan faks nan nimewo 1-888-866-6190, oubyen nan lapòs nan adrès sa a:

HHS Federal External Review Request
MAXIMUS Federal Services
3750 Monroe Avenue, Suite 705
Pittsford, NY 14534

Anliy: **www.externalappeal.com** (anba tit ki di “Request a Review Online” la)

Si ou kwè ou gen yon ka ijans ki bezwen akselere, ou mèt chwazi "expedited" (akselere) si se anliy w ap fè demann lan, oswa voye li nan kourye elektwonik nan adrès FERP@maximus.com, oswa rele Federal External Review Process nan nimewo 1-888-866-6205, estansyon 3326. MAXIMUS Federal Services pral fè w konnen rezilta revizyon ekstèn lan pi bonè kondisyon medikal ou oubyen sikonstans yo mande sa, men pa plis pase 72 èdtan apre yo resevwa demann pou revizyon ekstèn akselere a.

Lè MAXIMUS Federal Services resevwa deman ou an, l ap fè nou konnen sa, epi n ap voye ba li tout enfòmasyon nou genyen sou ka a pou revizyon an. Si ou voye plis enfòmasyon ba yo, y ap pataje yo avèk nou. Nou ka chanje desizyon nou. Osinon, òganizasyon k ap fè revizyon endepandan an ap kontinye revizyon an.

Ou pral resevwa yon lèt avèk desizyon sou demann nòminal la, pa plis pase 45 jou apre yo resevwa demann pou revizyon ekstèn lan. Si

MAXIMUS Federal Services deside chanje desizyon nou an, n ap bay kouvèti oubyen n ap peye pou atik oswa sèvis sante ou yo.

Si ou gen nenpòt kesyon oswa pwoblèm sou revizyon ekstèn lan, rele 1-888-866-6205.

Kalifikasyon ak Dezakò sou Enskripsyon

Florida KidCare ap fè w konnen tout desizyon li pran sou kalifikasyon pitit ou a, ak sou enskripsyon li pou kouvèti asirans. Si ou kwè Florida KidCare komèt yon erè, ou mèt fè reklamasyon kont desizyon an. Règleman nan Eta Florid la pèmèt ou fè reklamasyon si ou genyen youn nan rezon sa yo:

- Florida KidCare di pitit ou a pa satisfè kondisyon kalifikasyon yo (tankou salè moun lakay li, rezidans nan Florid, oswa kondisyon imigran legal), men ou kwè se pa vre
- Florida KidCare sispann enskripsyon an pwovizwaman (pi souvan, paske yo pa resevwa peman pou yon mwa), men ou kwè enskripsyon an dwe kontinye paske ou peye alè
- Florida KidCare sispann enskripsyon an pwovizwaman (pi souvan, paske yo pa resevwa peman oubyen dokiman pou renouvle enskripsyon an), men ou kwè enskripsyon an dwe kontinye paske ou peye oubyen voye dokiman yo alè; epi
- Peman ou monte paske salè ou oswa kantite moun ki rete lakay ou chanje, men ou kwè enfòmasyon yo pa kòrèk oswa yo bezwen refè kalkil yo

Kouman pou mwen fè reklamasyon kont yon desizyon?

Voye yon lèt oswa yon mesaj elekwonnik bay Florida Healthy Kids Corporation, pou di rezon ki fè ou kwè desizyon an pa bon. Yo dwe resevwa reklamasyon w lan anvan 90 jou pase, apre dat anons desizyon an (nan yon lèt oswa yon mesaj elekwonnik ki soti nan Florida KidCare). Ou mèt :

- Voye lèt la nan adrès elekwonnik **resolve@healthykids.org**; oswa

- Voye lèt la nan lapòs nan adrès sa a:

Florida KidCare

P.O. Box 591

Tallahassee, FL 32301-0591.

Sonje mete nimewo kont fanmi w nan lèt ou a.

Kisa k ap rive apre?

Florida Healthy Kids Corporation ap voye yon repons ekri ba ou sou reklamasyon ou fè a. Si desizyon an pa favorab pou ou, ou mèt voye yon dezyèm reklamasyon bay direksyon prensipal nan Florida Healthy Kids Corporation an. Si desizyon sa a pa favorab pou ou, ou mèt voye reklamasyon an bay Ajans ki Administre Swen Sante a (Agency for Health Care Administration). Chak nan etap sa yo pral dekri an detay nan nenpòt lèt refi yo voye ba ou.

Koken ak Abi

Pwogram ki finanse Florida Healthy Kids la resevwa finansman avèk lajan ki soti nan Eta a ak nan gouvènman federal, anplis prim ak peman patisipasyon fanmi yo bay. DentaQuest ak Florida Healthy Kids Corporation ap fè tout sa ki posib pou anpeche moun fè koken ak abi.

Kisa ki rele fè koken ak abi?

"Koken" ak "abi" gen yon sans espesyal pou Florida Healthy Kids.

Koken vle di:

- Yon manti oswa yon defòmasyon entansyonèl yon moun fè, lè li byen konnen manti a kapab lakòz limenm oswa yon lòt moun resevwa yon avantaj ki pa otorize.
- Tout aksyon lalwa nan Eta a oswa lalwa federal gade tankou fè koken.

Abi vle di:

- Metòd travay founisè sèvis la pa koresponn avèk metòd fiskal, komèsyal, oswa medikal ki kòrèk; epi
 - Yo lakòz DentaQuest depanse lajan ki pa nesesè; oswa
 - Yo fè peye lajan pou sèvis ki pa nesesè pou rezon medikal, oswa ki pa koresponn avèk estanda pwofesyonèl ki rekonnèt pou swen sante.

- Metòd travay ki lakòz depans ki pa nesèsè pou Florida Healthy Kids oswa pou DentaQuest.

Kisa ki ta ka yon egzanzp fè koken?

Anna dekouvri tout dokiman konpayi asirans pitit gason li a voye ba li montre yo fè yon MRI pou li, gen de semenn. Anna sèten yo pa te fè yon MRI pou pitit li a. Si doktè a te byen konnen sa, epi li fè espere voye yon bòdwo bay plan an pou yon MRI yo te fè pou pitit li, sa vle di doktè a fè koken.

Kisa ki ka yon egzanzp fè abi?

Pitit gason Anna a te fè yon kontwòl sante ànyèl mwa pase, ki te genyen yon tès metabolik woutin (se yon tès san ki mezire nivo enpòtan tankou sik ak nivo kalsyòm nan san). Gen bon rezilta ki tounen.

Jodi a, pitit gason Anna a gen malgòj, epi li mennen timoun lan wè doktè pou yo fè tès pou li pou enfeksyon nan gòj. Doktè a mande pou yo fè tès pou enfeksyon gòj la, ansanm ak yon lòt tès metabolik debaz. Se kapab yon abi doktè a fè, paske pitit gason Anna a fenk resevwa bon rezilta pou tès li yo, epi tès sa a pa pral ede doktè a konnen rezon pou malgòj la.

Pou kisa li enpòtan pou veye lè moun ap fè koken ak abi?

Pifò nan fanmi ki nan Florida Healthy Kids yo ap peye prim chak mwa pou \$15 oswa \$20, men pri total pou kouvèti asirans lan pi wo anpil pase sa! Diferans lan pou kouvèti asirans pitit ou nan Florida Healthy Kids, se lajan taks Eta a ak taks federal ki peye li. Lè founisè sèvis yo oubyen lòt moun touche pou avantaj yo pa ta dwe touche, lajan taks sa yo gaspiye, kidonk yo pa sèvi pou swen sante timoun ki bezwen sèvis yo.

Kisa mwen dwe fè si mwen kwè gen yon moun ki fè koken oubyen ki komèt yon abi?

Si ou kwè yon dantis oswa yon lòt moun k ap travay nan yon klinik oswa nan yon sant sante, tankou yon lopital oubyen yon sant chiriji, kapab te fè koken oubyen komèt yon abi, ou ka fè rapò bay DentaQuest. Rele sèvis kliyantèl DentaQuest la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tande byen, oswa 1-800-855-2880), depi lendi pou rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa nan lè EST, pou fè rapò sou moun ki fè koken oswa komèt abi a.

Si ou kwè se DentaQuest ki fè koken oswa ki komèt yon abi, tanpri fè yon rapò avèk detay bay Florida Healthy Kids Corporation nan nimewo telefòn 1-850-701-6104 oswa nan adrès elekwonik resolve@healthykids.org

Kalite ak Rannman

Li enpòtan anpil pou fanmi ki rete nan Florid yo kapab jwenn bon kalite swen sante. Misyon Florida healthy Kids Corporation, se veye pou genyen plan ki konsantre sou bezwen timoun epi ki bay bon kalite swen sante san manke anyen. Kòporasyon an veye plizyè siyal ki montre kalite ak rannman sèvis yo, pou fè manm Florida Healthy Kids yo resevwa bon kalite swen.

Kouman Florida Healthy Kids mezire Rannman yo

Gen tout yon seri mezi sou rannman, epi anpil ladan yo pèmèt fè konparezon nan tout peyi a, ki kalkile chak ane. Ou ka jwenn dènye rapò ki pibliye sa sou sit entènèt Florida Healthy Kids, FloridaKidCare.org.

Kouman Florida KidCare mezire Rannman yo

Gen yon seri mezi sou rannman menm jan an ki kalkile chak ane pou Florida KidCare. Rapò sa a genyen ladan tou rezilta Consumer Assessment of Healthcare Providers and Systems (CAHPS®) yo pou Florida KidCare. CAHPS mezire satisfaksyon manm yo avèk yon metòd estandadize. Ou ka jwenn dènye rapò ki pibliye a nan adrès http://www.ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/

Akreditasyon

Akreditasyon an vle di gen yon ògànizasyon endepandan ki fè yon evalyasyon konplè sou kapasite plan an pou satisfè kèk kondisyon estanda.

DentaQuest resevwa sètifikasyon Komite Nasyonnal pou Asirans Kalite a (National Committee for Quality Assurance, ki rele tou NCQA) nan Administrasyon Itilizasyon/Kredansyalizasyon ak Re-kredansyalizasyon depi mwa avril 2014. Lè nou rive resevwa sètifikasyon sa a, sa montre devouman nou pou fè manm yo jwenn bon kalite founisè sèvis pou swen dan yo. Kredansyalizasyon an, se yon metòd fòmèl DentaQuest sèvi pou li sèten founisè sèvis yo genyen nivo edikasyon ak kredansyèl ki nesèsè pou fè tretman ou bezwen.

Pwojè Amelyorasyon Pèfòmans

Plan Florida Healthy Kids yo òganize ak fè rapò sou pwojè amelyorasyon pèfòmans chak ane, ki gen yon òganizasyon endepandan pou kontwòl kalite ki valide yo. Objektif pwojè amelyorasyon pèfòmans sa yo, se pou amelyore yon mezi pèfòmans espesifik tout bon vre, nan yon jan ki dirab. Ou ka jwenn dènye rapò ki pibliye sou pwojè amelyorasyon pèfòmans lan nan sit Entènèt Florida Healthy Kids la, nan adrès <https://www.floridakidcare.org/required-reporting>.

Kapasite Rezo

Seksyon 24.9 la dekri estanda pou kapasite rezo Florida Healthy Kids la. Ou ka jwenn plis enfòmasyon k ap di kouman chak plan rive satisfè estanda sa yo nan sit Entènèt Florida Healthy Kids la, nan adrès <https://www.floridakidcare.org/required-reporting>. Tanpri sonje sa, rezilta kapasite rezo yo pa montre dènye enfòmasyon yo menm lè yo parèt. Vre rezilta yo kapab varye.

Dwa ak Responsablite Manm yo

Enfòmasyon sou ou. Dwa ou genyen. Responsablite ou genyen. Anviè depi 13 septanm 2013.

Anons sa a dekri kouman yo kapab sèvi avèk enfòmasyon yo genyen sou ou, ak kominike yo bay lòt moun. Li esplike tou kouman ou kapab jwenn enfòmasyon sa yo. **Tanpri, li anons sa a byen.**

Dwa ou genyen

Ou gen dwa:

- Resevwa enfòmasyon sa yo dapre § 438.10.
- Pou yo trete w avèk respè ak konsiderasyon ou merite sou kesyon diyite a konfidansyalite ou.
- Resevwa enfòmasyon sou tretman ou ka chwazi ak sou altènativ ki genyen, prezante nan yon jan ki koresponn avèk eta sante ak kapasite moun ki enskri a pou li konprann enfòmasyon yo. (Genyen kondisyon pou enfòmasyon sou sèvis ki pa kouvri dapre kontra a poutèt objeksyon moral oubyen relijye; kondisyon sa yo tabli nan § 438.10(g)(2)(ii)(A) ak (B).)

- Patisipe nan desizyon ki anrapò avèk swen sante pitit ou, sa ki vle di tou dwa pou refize yon tretman.
- Pou yo pa enpoze sou ou okenn limitasyon oswa kontrent, pou fòse w, pini w, jennen w, oswa fè vanjans sou ou, dapre esplikasyon ki nan règleman federal yo, sou jan yo konn sèvi avèk limitasyon ak kontrent.
- Si prensip konfidansyalite ki tabli nan 45 CFR, nan paragraf 160 ak 164 nan alineya A ak E yo aplikab, ou gen dwa mande ak resevwa yon kopi dosye medikal yo, epi mande pou yo modifeye oswa korije yo, dapre sa ki ekri nan 45 CFR 164.524 ak 164.526.
- Si yon moun enskri nan yon MCO, yon PIHP, oswa yon PAHP (dapre sa ki kouvri nan kontra pou sèvis PAHP a), li gen dwa resevwa sèvis pou sante yo dapre kondisyon nan §§ 438.206 jiska 438.210 yo.
- Resevwa yon kopi dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo
- Fè korije dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo
- Mande pou kominikasyon w rete konfidansyèl
- Mande pou nou limite enfòmasyon nou pataje avèk lòt kote sou ou
- Mande yon lis kote nou pataje enfòmasyon sou ou avèk yo
- Mande yon kopi anons sou konfidansyalite sa a
- Chwazi yon moun ki pou pran aksyon nan plas ou
- Depoze yon plent si ou kwè yo pa respekte dwa sou konfidansyalite w

Chwa ou genyen

Gen kèk chwa ou ka fè sou jan nou sèvi ak pataje enfòmasyon yo, pou nou:

- Reponn kesyon fanmi oswa zanmi w poze nou sou kouvèti asirans
- Pote sekou pou katastwòf
- Komèsyalize sèvis nou ak vann enfòmasyon ou yo

Jan nou Sèvi avèk Enfòmasyon ak Pataje yo

Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon sou ou, oswa pataje yo pou nou:

- Ede nan administrasyon swen sante ou resevwa
- Administratè sèvis nan òganizasyon nou an
- Peye pou sèvis sante w
- Administratè plan pou swen sante ou
- Ede nan kesyon sante piblik ak sekirite
- Fè rechèch
- Fè sa lalwa mande
- Reponn demann ki fèt pou bay ògan oswa pati nan kò moun
- Travay avèk yon egzaminatè medikal oswa yon direktè ponp finèb
- Reponn demann enfòmasyon sou asirans anplwaye, kesyon lapolis, ak lòt demann gouvènman fè
- Reponn aksyon devan lajistis ak lòt aksyon legal

Dwa ou genyen

Gen kèk dwa ou genyen sou kesyon ki anrapò avèk enfòmasyon sou sante ou.

Seksyon sa a esplike dwa ou genyen yo. Li esplike tou kèk nan responsablite nou genyen pou nou ede w.

Resevwa yon kopi dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo

- Ou gen dwa mande pou wè oubyen resevwa yon kopi dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè, ak sou lòt enfòmasyon nou genyen sou sante w. Mande nou kouman ou ka fè sa.
- Lè sa a, n ap ba ou yon rezime dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo. Sa pral pran nou anviwon 30 jou. Nou ka fè w peye yon pri rezonnab, dapre depans sa koute nou.

Mande nou korije dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo

- Ou gen dwa mande nou korije dosye sou sante ou ak sou reklamasyon ou fè yo. N ap aksepte fè sa si ou kwè yo pa kòrèk oubyen gen enfòmasyon ki manke ladan yo. Mande nou kouman ou ka fè sa.

- Nou kapab di "non" si ou fè demann sa a. Lè sa a, n ap voye yon repons ekri ba ou nan 60 jou pou di ou pou kisa.

Mande pou kominikasyon w rete konfidansyèl

- Ou ka mande nou sèvi avèk yon metòd espesifik pou kontakte w. Pa egzanp, ou ka mande pou nou rele ou nan telefòn lakay ou oswa nan travay ou. Ou ka di nou kote pou nou voye lèt ba ou.
- Nou pral gade tout demann rezonnab ou fè, epi nou oblije reponn "wi" si ou di nou sa kapab mete w an danje si nou pa aksepte.

Mande nou limite enfòmasyon nou sèvi oswa pataje sou ou

- Gen enfòmasyon ou ka mande nou pa sèvi avèk yo, ni pa pataje yo, pou tretman, oswa peman, oswa aktivite nou yo.
- Nou pa oblije aksepte yon demann konsa ou fè. Nou ka di "non" si sa pral gen konsekans pou tretman ou.

Mande yon lis non moun nou pataje enfòmasyon sou ou avèk yo

- Ou ka mande yon list ki montre kilè nou te pataje enfòmasyon sou sante w. Ou ka jwenn enfòmasyon ki monte jiska sizan anvan dat ou fè demann lan.
- Ou ka mande avèk ki moun nou pataje enfòmasyon sou ou, ak pou kisa.
- N ap fè w konnen tout enfòmasyon nou pataje, sòf sa ki sou tretman, peman, ak aktivite pou swen sante. Gen kèk lòt enfòmasyon nou pataje n ap fè w konnen (tankou tout sa ou mande nou pataje). N ap fè w genyen yon rapò sou sa chak ane, san mande ou peye. N ap mande peye yon pri rezonnab, dapre depans sa koute nou, si ou mande yon lòt lis ankò anvan 12 mwa pase.

Mande yon kopi anons sou konfidansyalite sa a

Ou mèt mande yon kopi notifikasyon sa a nenpòt kilè. Ou mèt fè sa menm si ou aksepte resevwa anons la elektwonnikman. N ap fè w genyen yon kopi sou papye san pèdi tan.

Chwazi yon moun ki pou pran aksyon nan plas ou

- Si gen yon moun ki responsab legal ou, moun sa a kapab sèvi avèk dwa ou pou pran desizyon anrapò avèk enfòmasyon sou sante w.
- Si gen yon moun ou bay yon pwokirasyon medikal, moun sa a kapab sèvi avèk dwa ou pou pran desizyon anrapò avèk enfòmasyon sou sante w.
- N ap gade byen si moun lan genyen dwa sa a, ak si li kapab pran desizyon pou ou, anvan nou pran okenn aksyon.

Depoze yon plent si ou kwè yo pa respekte dwa w

- Ou kapab depoze yon plent si ou kwè nou pa respekte dwa w. Pou fè sa, kontakte nou avèk enfòmasyon ki ekri nan paj 2 a.
- Ou ka depoze yon plent devan Depatman Sante Etazini ak Ajans Sèvis Imen pou Dwa Sivik la (U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights) si ou voye yon lèt nan adrès sa a: 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, oswa si ou rele nan nimewo 1-877-696-6775, oswa ale nan sit Entènèt **www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/**.
- Nou pa pral fè vanjans kont ou paske ou depoze yon plent

Chwa ou Genyen

Pou kèk nan enfòmasyon sou sante w yo, ou gen dwa di nou kisa nou kapab pataje. Di nou kisa ou vle nou fè, epi n ap swiv sa ou di nou.

Nan ka sa yo, ou gen ni dwa, ni chwa pou di nou:

- Pataje enfòmasyon yo avèk fanmi w, zanmi ki pre w, oswa lòt moun k ap patisipe nan peman pou tretman ou
- Pataje enfòmasyon yo si gen yon sikonstans pou pote sekou nan katastwòf

Si ou pa kapab di nou kisa ou ta pito, nou kapab pataje enfòmasyon yo si nou kwè sa pral nan avantaj ou. Yon egzanp konsa, se si ou pèdi konnesans. Nou ka pataje enfòmasyon yo tou, si gen yon danje grav pou sante oswa pou sekirite.

Nou p ap janm pataje enfòmasyon sou ou, sòf si ou ba nou pèmasyon pou:

- Rezon komèsyal
- Vann enfòmasyon sou ou

Jan nou Sèvi avèk Enfòmasyon ak Pataje yo

Kouman nou sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou sante w, oubyen pataje yo?

Men kouman nou sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou sante w, oubyen pataje yo.

1. Ede nan administrasyon swen sante pitit ou resevwa

Nou ka sèvi avèk enfòmasyon sou sante w, ak pataje yo avèk pwofesyonèl sante k ap fè tretman pou ou.

Egzanp: Yon doktè voye enfòmasyon ba nou sou swen sante w. Lè sa a, nou ka fè aranjman pou sèvis yo.

2. Administre òganizasyon nou an

- Nou ka sèvi avèk enfòmasyon sou sante w, ak pataje yo avèk lòt kote pou nou administre òganizasyon nou an, ak pou kontakte w si sa nesèsè.
- Nou pa gen dwa sèvi avèk enfòmasyon jenetik pou decide si nou pral ba ou kouvèti asirans. Yo pa dwe sèvi non plis pou tabli yon pri pou kouvèti asirans sa a. Sa pa aplikab pou plan tretman k ap dire lontan.

Egzanp: Nou sèvi avèk enfòmasyon sou sante yo pou devlope pi bon sèvis pou ou.

3. Peye pou sèvis sante pitit ou

Nou ka sèvi avèk enfòmasyon sou sante w lè n ap peye pou sèvis sante w.

Egzanp: Nou pataje enfòmasyon sou plan tretman dantè w pou yo kapab peye pou li.

4. Administre plan pou sèvis pitit ou

Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w avèk plan sante ou.

Egzanp: Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w pou tabli pri pou swen sante w.

Ki lòt jan nou ka sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou sante pitit ou, oubyen pataje yo?

Gen lòt jan ankò nou ka gen dwa pataje enfòmasyon w yo, oubyen resewva demann pou sa. Nòmalmann sa konn fèt nan enterè popilasyon an, tankou nan kesyon sante piblik oubyen nan rechèch. Gen kèk kondisyon lalwa konn poze, pou nou gen dwa pataje enfòmasyon sou ou. Pou plis enfòmasyon, gade nan adrès: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html

1. Ede nan kesyon sante piblik ak sekirite

Gen kèk sikonstans kote nou kapab pataje enfòmasyon sou ou, tankou:

- Pou anpeche maladi
- Pou ede lè yo deside retire yon pwodwi sou mache a
- Pou fè konnen lè medikaman lakòz yon move reyaksyon sou yon pasyan
- Pou fè rapò lè nou sispèk abi, neglijan, oswa vyolans anndan kay moun
- Pou anpeche oswa retire yon danje grav pou sante oswa sekirite nenpòt ki moun

2. Fè rechèch

Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon sou sante w oubyen pataje yo pou fè rechèch sou sante.

3. Fè sa lalwa mande

N ap pataje enfòmasyon sou sante w si lalwa nan Eta a oswa lalwa gouvènman federal mande sa. Sa vle di tou, pataje enfòmasyon yo avèk Depatman Sante ak Sèvis Imen (Department of Health and Human Services), si ajans sa a vle gade si n ap travay dapre lwa federal sou konfidansyalite a.

4. Reponn lè gen demann ki fèt pou ògàn oswa pou pati nan kò moun, epi travay avèk yon sant medikal oswa yon direktè ponp finèb

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou ou avèk ògànizasyon ki ede pasyan jwenn ògàn.

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante yo avèk yon medsen lejis, oswa yon egzaminatè medikal, oswa yon direktè ponp finèb lè yon moun mouri.

5. Reponn demann enfòmasyon sou asirans anplwaye, kesyon lapolis, ak lòt demann gouvènman fè

Nou kapab sèvi avèk enfòmasyon sou sante pitit ou, oubyen pataje yo:

- Pou reklamasyon sou konpansasyon travayè
- Pou sekirite piblik oswa avèk responsab lapolis
- Avèk ajans sipèvizyon, pou aktivite lalwa pèmèt
- Pou aktivite espesyal nan gouvènman, tankou aktivite militè, sekirite nasyonnal, ak sèvis pou pwoteksyon prezidan

6. Reponn aksyon devan lajistis ak lòt aksyon legal

Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w pou reponn yon lòd tribinal oswa yon demann administratif. Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante yo tou, pou reponn yon sitasyon tribinal.

Responsablite nou genyen

- Lalwa oblije nou kenbe konfidansyalite ak sekirite sou enfòmasyon pwoteje sou sante pitit ou.
- N ap fè w konnen si gen nenpòt erè ki fè nou pataje enfòmasyon sou pitit ou.
- Nou oblije swiv metòd sou travay ak sou konfidansyalite ki esplike nan notifikasyon sa a, ak ba ou yon kopi li.
- Nou pa pral sèvi avèk enfòmasyon sou pitit ou okenn lòt jan pase sa ki ekri la a, sòf si ou ba nou yon pèmasyon ekri pou di nou ka fè sa. Si ou ba nou pèmasyon sa a, ou mèt chanje desizyon w nenpòt kilè. Fè nou konnen nan yon nòt ekri, si ou chanje desizyon w.

Pou plis enfòmasyon, gade nan adrès: www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html

Chanjman nan Kondisyon ki nan Notifikasyon sa a

Nou ka chanje kondisyon ki nan notifikasyon sa a. Chanjman yo pral aplikab pou tout enfòmasyon nou genyen sou pitit ou. Nouvo notifikasyon an pral afiche nan sit Entènèt nou an, epi n ap voye yon kopi l ba ou nan lapòs.

Si ou vle reklame dwa konfidansyalite w, oubyen ou kwè yo pa respekte dwa konfidansyalite w, oubyen ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte Responsab Konfidansyalite nou an (Privacy Officer) nan adrès elektwonik e-mail: privacy@dentaquest.com, oswa nan nimewo telefòn 1-888-788-8600, oswa nan adrès postal:

DentaQuest
Attn: Privacy Officer
P.O. Box 2906
Milwaukee, WI 53201-2906

Gen yon ankèt ki pral mennen pou chak plent moun pote. Pa gen okenn aksyon negatif ki pral pran kont yon moun paske li pote plent. Ou mèt depoze yon plent tou, sou enfòmasyon sante, nan biwo Sekretè pou Sante ak Sèvis Imen an (Secretary of Health and Human Services) nan Washington, D.C.

FÒMILÈ POU ANKOURAJE MANM YO FÈ SA KI BON POU SANTE

Pou resevwa koupon kado \$10 Amazon ou:

- Resevwa you nan sèvis kalifye ki nan lis pi ba la a.
- Enskri kòm manm nan sit Dentaquest la. Pou enskri kòm manm nan sit Dentaquest la, ale nan adrès sa a: dentaquest.com/members/
- Voye fòmilè a tounen bay DentaQuest, avèk siyati ou.

*Laj 6 - 9 ane:

Mwen gen yon plonbaj yo mete jodi a pou mwen sou yon molè pèmàn.

Dat sèvis la: _____

*Laj 10 - 14 ane:

Mwen gen yon plonbaj yo mete jodi a pou mwen sou yon molè pèmàn.

Dat sèvis la: _____

Enskri kòm manm nan pòtlay Dentaquest la:

Mwen enskri kòm manm nan pòtay Dentaquest la.

**Pandans enskripsyon nan plan an anvigè.*

Enfòmasyon sou Manm lan

Prenon _____

Non Fanmi _____

Dat Nesans _____

Adrès postal _____

Vil _____ Eta _____

Kòd Postal _____ Telefòn _____

Nimewo Manm (ID) nan DentaQuest: _____

Si ou gen kesyon, ou mèt rele DentaQuest san peye nan nimewo 888-696-9557.

Nimewo TTY pou moun ki pa tande byen: 711, oswa 800-855-2880

Voye fòmilè konplè a nan lapòs, nan adrès:

DentaQuest, Florida Healthy Kids

11100 W. Liberty Drive

Milwaukee, WI 53224

Ou ka jwenn enfòmasyon sa yo gratis nan lòt fòm ak nan lòt lang. Pou mande asistans, rele nimewo 888-468-5509, TTY (pou moun ki pa tande byen) 800-466-7566.

DentaQust respekte lwa gouvènman federal sou dwa sivik ki aplikab yo, epi li pa fè diskriminasyon kont moun poutèt ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, andikap, ni paske yon moun se gason oubyen fi.

ВНИМАНИЕ: Если вы говорите на русском языке, то вам доступны бесплатные услуги перевода. Звоните 1-888-696-9557 (телетайп: 711 or 1-800-855-2880).

ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-888-696-9557 (TTY: 711 or 1-800-855-2880).

ATTENTION : Si vous parlez français, des services d'aide linguistique vous sont proposés gratuitement. Appelez le 1-888-696-9557 (ATS : 711 or 1-800-855-2880).

ATTENZIONE: In caso la lingua parlata sia l'italiano, sono disponibili servizi di assistenza linguistica gratuiti. Chiamare il numero 1-888-696-9557 (TTY: 711 or 1-800-855-2880).

Definisyon

Konpayi asirans yo ansanm ak pwofesyonèl sante yo, tankou doktè ak enfimyè, konn sèvi avèk mo anpil moun pa konnen. Pafwa yo konn sèvi avèk mo pifò moun konnen, nan yon sans ki pa menm avèk sa ou konn tandè nan yon konvèsasyon òdinè.

Seksyon sa a esplike kèk nan mo ak ekspresyon ou ka kontre pandan w ap:

- Li liv sa a; oswa
- Pale avèk anplwaye nan sèvis kliyantèl la; oswa
- Avèk pitit ou kay doktè.

Apèl vle di yon demann ekri ou fè, pou mande asirans sante oswa asirans dantè pitit ou a retounen gade yon desizyon konpayi asirans lan pran pou refize yon sèvis oswa yon peman.

Kotizasyon oswa **Peman patisipasyon**, se yon valè fiks ou peye yon founisè sèvis sante, tankou yon doktè, lè pitit ou resevwa sèvis li.

Avantaj Asirans oswa **Sèvis ki Asire**, se sèvis, oswa founiti, oswa aparèy oubyen lòt pwodwi yon plan sante, oswa yon plan pou swen dantè peye kòm yon pati nan kouvèti asirans Florida Healthy Kids bay.

Asirans Dantis, se kouvèti ki peye pou kèk oubyen pou tout swen dantè moun ki gen asirans lan, epi ki fè moun lan peye yon prim chak mwa.

Ekipman medikal dirab (DME), se founiti ak aparèy pou yo sèvi plizyè fwa oubyen pandan lontan, lè yon founisè sèvis preskri yo pou ede paske pasyan an gen yon pwoblèm medikal.

Pwoblèm medikal ijan, se yon chòk oswa yon maladi, oubyen yon gwo doulè, ki bezwen yo swen pitit ou touswit pou li pa nan yon danje grav pou lavi li oswa pou yon gwo sès, oubyen pou anpeche timoun lan pran yon gwo chans pou sante li.

Transpò medikal ijan, se transpò nan anbilans pou ale nan yon lopital oswa yon sant sante ki toupre pou trete yon pwoblèm medikal ijan.

Swen nan sal ijans oubyen **swen nan depatman ijans**, se sèvis moun resevwa nan sal ijans yon lopital oubyen nan yon sant pou ijans ki separe.

Sèvis ijan, se swen medikal pitit ou resevwa pou trete yon pwoblèm medikal ijan.

Moun ki Enskri a, se yon timoun ki enskri nan yon plan pou sante oswa pou swen dantè ki sèvi nan Florida Healthy Kids.

Sèvis ki pa ladan, se sèvis swen sante, oswa founiti, aparèy, ak lòt pwodwi yon plan sante oswa yon plan dantè pa peye pou yo paske yo pa nan pami avantaj asirans kouvri yo.

Doleyans, se yon plent fòmèl ou pote bay asirans sante oswa asirans dantè pitit ou a sou yon kesyon ki anrapò avèk sèvis pou sante pitit ou.

Sèvis ak aparèy abilitasyon, se sèvis ak aparèy medikal ki ede yon pasyan aprann, amelyore, ak konsève konnesans oswa fonksyon li bezwen pou viv chak jou.

Asirans Sante, se kouvèti ki peye pou kèk oubyen pou tout swen dantè moun ki gen asirans lan, epi ki fè moun lan peye yon prim chak mwa.

Swen sante lakay, se lè yon enfimye ale kay moun pou fè swen sante pwofesyonèl yon doktè preskri.

Sèvis loispis, se sèvis ki fè swen sante pou moun ki gen yon maladi mòtèl.

Ospitalizasyon, se lè yo deside kenbe yon malad nan yon lopital pou fè swen pou li. Nòmalman, yon pasyan ki ospitalize rete dòmi aswè nan lopital la.

Swen pou pasyan ekstèn, se swen yo bay nan yon lopital ki pa mande pou pasyan an rete dòmi aswè, ni pou yo kenbe li kòm yon malad ki entène.

Nesesè pou rezon medik vle di tretman, sèvis, aparèy, oswa founiti yo nesèsè pou pèmèt dyagnostik, anpeche, oswa trete yon chòk moun lan pran oswa yon maladi ki:

- koresponn avèk sentòm, dyagnostik, ak tretman maladi yon moun ki enskri nan plan an;
- fèt anakò avèk metòd medikal ki aksepte anjenneral, epi dapre direktiv asirans ki kouvri plan sante oswa plan dantè a;

- se nivo founiti oswa sèvis ki koresponn pi byen avèk dyagnostik ak tretman pwoblèm sante moun ki enskri nan plan an;
- pa genyen kòm entansyon prensipal fasilite moun ki enskri nan plan an, oswa moun nan fanmi li, oswa pwofesyonnel sante a; epi
- gen apwobasyon antite medikal kòrèk la, oswa espesyalis swen sante k ap patisipe kòm yon pwofesyonnel efikas, kòrèk, ak endispansab nan swen ak nan tretman moun ki enskri nan plan an.

Rezo a vle di doktè, ak lòt pwofesyonnel sante, ansanm ak lopital ak lòt sant sante, ak famasi, ak konpayi ki gen kontra pou vann founiti medikal bay yon plan sante oswa bay yon plan pou swen dantè pou kouvri avantaj pou moun ki enskri nan plan an.

Founisè sèvis ki pa patisipe oswa **founisè sèvis ki pa nan rezo a**, se doktè, ak lòt pwofesyonnel sante, ansanm ak lopital ak lòt sant sante, ak famasi, ak konpayi ki pa siyen kontra pou vann founiti medikal bay yon plan sante oswa bay yon plan pou swen dantè, pou kouvri avantaj pou moun ki enskri nan plan an. Lè se yon founisè sèvis ki pa nan rezo a ki bay swen, sèl sa ki kouvri se tretman pou ka ki gen yon ijans medikal.

Sèvis yon medsen vle di sèvis yon doktè fè.

Plan an, se pwogram asirans pou sante oubyen pou swen dantè yon konpayi asirans ofri pou bay Florida Healthy Kids kouvèti asirans pou moun ki enskri yo.

Otorizasyon davans oswa otorizasyon antisipe, se apwobasyon ki soti nan konpayi asirans pou sante oswa asirans pou dan, ki nesèsè anvan yo fè sèvis yo; osinon, konpani asiyans lan pa pral peye pou sèvis sa yo.

Founisè sèvis ki patisipe oswa **founisè sèvis ki nan rezo a**, se doktè, ak lòt pwofesyonnel sante, ansanm ak lopital ak lòt sant sante, ak famasi, ak konpayi ki siyen kontra avèk yon plan sante oswa yon plan pou swen dantis, pou kouvri avantaj pou moun ki enskri nan plan an.

Prim vle di pri an dola ou peye chak mwa, pou pitit ou ka rete enskri pou kouvèti asirans nan Florida Healthy Kids.

Asirans pou medikaman ki preskri, se sèvis yo preskri kòm tretman, oswa founiti, oswa pwodwi pou yon plan peye kòm yon pati nan avantaj Florida Healthy Kids kouvri yo.

Medikaman preskripsyon, se medikaman lalwa egzijè yon moun gen yon preskripsyon pou achte li.

Swen prevantif, se swen sante woutin ki genyen ladan yo depistaj ak verifikasyon pou anpeche oswa detekte maladi ak pwoblèm sante, anvan sentonm yo parèt.

Founisè swen prensipal oswa **doktè prensipal**, ki rele tou **PCP**, se pwofesyonèl sante pitit ou ale wè pou swen bazik ak pou pifò nan pwoblèm sante li ka genyen. PCP a rekòmande (voye) pitit ou bay lòt doktè si li bezwen tretman espesyal, epi li fè kowòdinasyon pou tretman pitit ou.

Founisè a, se yon moun oswa yon kote ki genyen lisans ki nesèsè pou fè sèvis sante.

Rekòmandasyon an, se yon apwobasyon ekri founisè prensipal pitit ou a bay pou ale wè yon espesyalis, oswa pou resevwa kèk sèvis. Yon plan sante, oswa yon plan pou tretman dantè, oswa yon espesyalis kapab mande yon rekòmandasyon pou yo aksepte wè pitit ou .

Sèvis ak aparèy reyablitasyon, se sèvis ak aparèy medikal ki ka ede yon pasyan geri, oswa amelyore oubyen konsève konpetans ak fonksyon ki pèmèt li viv chaj jou, si li te pèdi yo oswa si yo te domaje poutèt yon maladi oswa yon chòk moun lan te resevwa.

Swen enfimye konpetan, se sèvis pou sante yon enfimye ki gen lisans sèlman kapab fè byen ak san danje.

Espesyalis la, se yon doktè ki resevwa yon fòmasyon siplemantè epi ki trete sèlman kèk pwoblèm sante espesyal, kèk pati nan kò moun, oswa kèk kategori laj moun, men ki pa sèvi kòm doktè prensipal.

Swen ijan, se tretman pou yon maladi oswa yon chòk moun resevwa, lè moun lan bezwen yo trete li nan mwens pase 24rè pou ka a pa tounen yon ijans.

Vizit timoun an sante, se yon kontwòl sante PCP pitit ou a fè pou li chak ane kòm prevansyon.

Notifikasyon sou Konfidansyalite

Règleman HIPAA sou Konfidansyalite

DentaQuest pran kesyon sou konfidansyalite w oserye. Nou vle fè w konnen ki metòd travay nou sèvi sou konfidansyalite, pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl sou sante w.

Kouman nou sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou sante w?

DentaQuest sèvi avèk enfòmasyon sou sante ou, lè li gen pou peye dantis oswa lòt moun ki fè swen oubyen sèvis dantè pou ou, ak pou yo fè aktivite nòmal ki rele pwosedi pou swen dantè. Men kèk egzanp ki montre kouman nou sèvi avèk enfòmasyon nou genyen sou ou:

- Peman - Nou ka peye bòdwo dantis ki swen ou voye. Nou ka pale tou sou plan tretman ou avèk dantis la, oswa bay yon otorizasyon davans pou fè sèvis.
- Pwosedi pou Swen Dantè - Enfòmasyon sou sante yo sèvi pou amelyore kalite ak pou sèvi kliyan yo.

Nou respekte tout lwa ki aplikab nan Eta a ak nan gouvènman federal, tankou tout lwa ki anrapò avèk enfòmasyon nou ka sèvi sou sante w pou peye ak pou fè pwosedi yo.

Lòt Sèvis

Men lòt jan nou kapab sèvi avèk enfòmasyon yo tou:

- Pou fè w konnen opòtinite pou rechèch oswa avantaj pou tretman altènatif
- Pou fè w konnen avantaj ak sèvis ki genyen
- Pou kominike avèk moun nan fanmi w oswa zanmi w, ki enterese aktivman nan tretman ou
- Pou kominike avèk lòt founisè swen sante oswa asosye nan biznis sou kesyon tretman, peman, oswa pwosedi nan swen sante. Asosye nan biznis yo dwe respekte règleman sou konfidansyalite nou yo.
- Pou kominike avèk moun ki finanse plan sante w la.

Responsablite nou genyen

Lalwa oblije DentaQuest:

- Pwoteje konfidansyalite enfòmasyon sou sante w.
- Ba ou notifikasyon sa a sou devwa nou, ak sou metòd nou sèvi pou konfidansyalite.
- Respekte kondisyon ki nan notifikasyon anvigè a.
- Nou rezève dwa pou nou chanje metòd nou sèvi pou konfidansyalite yo, ak pou nou adopte nouvo metòd pou tout enfòmasyon nou konsève yo. Ou pral kapab wè notifikasyon revize yo sou sit entènèt nou an, nan adrès **www.DentaQuest.com** n ap voye yo nan lapòs ba ou, si ou mande sa.

Dwa ou Genyen

Ou gen dwa:

- Mande pou nou limite jan nou sèvi avèk enfòmasyon sou sante w oubyen pataje yo. Li posib pou nou pa kapab satisfè tout demann ou fè yo.
- Mande pou nou sèvi avèk tèl nimewo telefòn, oswa tèl adrès pou nou kominike avèk ou.
- Gade ak fè kopi enfòmasyon nou genyen sou sante w (ap gen yon lajan pou peye pou sa).*
- Mande pou ajoute sou enfòmasyon yo, oswa fè koreksyon ladan yo.*
- Resevwa yon rapò sou jan nou te pataje enfòmasyon sou ou (sòf enfòmasyon nou bay sou tretman, sou peman, sou pwosedi swen sante, ak kèk enfòmasyon nou te oblije pataje, ansanm ak enfòmasyon ou te otorize nou bay).*
- Resevwa yon kopi notifikasyon sa a sou papyè, menm si ou deja resevwa li sou fòm elektwonik

Demann ki make avèk ti zetwal (*) yo dwe fèt alekri.

Règleman sou Konfidansyalite nan Finans

Nou pa bay enfòmasyon sou finans ou ba pèsonn ki pa travay avèk DentaQuest. Li enpòtan pou nou, pou ou byen konprann ki enfòmasyon sou finans nou pran, ak kouman nou sèvi avèk yo nan yon jan ki bon pou ou, epi ki sèvi w pi byen

- Enfòmasyon sou finans - Pou rive fè sèvis dantè yo pou ou, nou kapab genyen pou nou mande w enfòmasyon sou oumenm, sou kote ou travay, sou kote ki finanse plan ou, ak sou dantis ou anrapò avèk reklamasyon yo, peman patisipasyon, ak peman pou prim.
- Sekirite - Pou satisfè estanda Eta a ak gouvènman federal la, gen pwoteksyon elektwonik, pwoteksyon pou pwosedi, ak prekosyon fizik ki anvigè pou limite enfòmasyon ki pa piblik yo pran ak sèvi nan nivo minimòm nesèsè, pou pèmèt ou jwenn bon kalite pwodwi ak sèvis. Posiblite pou ale nan enfòmasyon sa yo limite sou "sa yo bezwen konnen", pou anplwaye nou yo ka rive fè travay yo. Règleman sa yo aplikab pou enfòmasyon sou ou, kit ou se yon manm kounye a, kit ou se yon ansyen manm.

Konfòmite avèk EDI

Lalwa oblije DentaQuest pibliye yon Gid Konnektivite EDI (EDI Connectivity Guide):

Depi dat 1ye janvye 2013, DentaQuest an konfòmite avèk Phase II CORE 270: Connectivity Rule vèsyon 2.2.0 mwa mas 2011. Ou kapab telechaje Gid Konnektivite EDI a (Connectivity Guide) nan adrès <http://dentaquest.com/hipaa-privacy-policy/>.

Ou pral bezwen Adobe Acrobat® Reader pou gade dokiman PDF sa yo.

Notifikasyon kont Diskriminasyon

Notifikasyon kont Diskriminasyon

DentaQuest aplike lwa Federal sou dwa sivik yo. DentaQuest pa trete moun yon lòt jan poutèt ras, koulè, peyi kote moun soti, laj, andikap, ni paske yon moun se gason oubyen fi, ni poutèt relijyon, ni poutèt idantite oswa oryantasyon seksyèl moun.

Dentaquest ap:

- Ba ou asistans gratis si ou gen yon andikap. Sèvis sa yo la pou ede ou kominike avèk nou. Nou kapab ba ou:
 - Entèprèt kalifye nan pale an siy
 - Enfòmasyon ekri nan lòt fòm (ekriti an gwo lèt, odyo, ak fòm elektwonik ki klè)
- Sèvis tradiksyon gratis si ou pa pale angle. Nou kapab ba ou:
 - Entèprèt ki konpetan
 - Enfòmasyon ekri nan lòt lang

Si ou bezwen sèvis sa yo, ou mèt rele Sèvis Kliyantèl la nan nimewo 1-888-696-9557 (TTY 711 pou moun ki pa tandè byen, oswa 1-800-855-2880) depi lendi rive vandredi, ant 7:30 dimaten ak 7:30 diswa, nan lè EST. Oubyen ou ka gade nan sit entènèt nou an, nan adrès **<http://www.dentaquest.com/members/>**.

Ou ka depoze yon plent si ou kwè nou trete ou yon lòt jan poutèt ras, koulè, peyi kote ou soti, laj, andikap, oswa paske ou se gason oubyen fi, oswa poutèt idantite oubyen oryantasyon seksyèl ou. Ou ka depoze plent lan nan adrès sa a:

Civil Rights Coordinator
Compliance Department
465 Medford Street
Boston, MA 02129

Faka: 617-886-1390

Telefòn: 888-278-7310, TTY: 711

Adrès elektwonik: FairTreatment@greatdentalplans.com

You can file a complaint in person or by mail, fax, or email.

If you need help filing a complaint, we can help you.

Ou mèt ale depoze plent lan ou menm nan biwo a, oswa voye l nan kourye elektwonik, nan faks, oubyen nan lapòs.

Si ou bezwen asistans pou depoze yon plent, nou ka ede w.

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivik tou nan Ajans pou Dwa Sivik ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, Office for Civil Rights). Pou jwenn yon fòmilè plent, ale nan adrès <http://www.hhs.gov/ocr/office/file/index.html>.

Ou mèt depoze yon plent anliy, oswa nan lapòs, oswa nan telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services
200 Independence Avenue, SW
Room 509F, HHH Building
Washington, D.C. 20201

1-800-368-1019, 1-800-537-7697 (TDD)

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>

Deklarasyon Afimatif Sou Ensitasyon

Pwofesyonèl Sante ki patisipe nan pwosedi desizyon UM la gade si yo wè swen ak sèvis yo nesèsè, ak si asirans kouvri yo, pou pran yon desizyon. DentaQuest pa bay okenn rekonpans espesyal pou pwofesyonèl ak pou lòt moun, pou ankouraje yo refize kouvèti asirans oubyen swen sante, ni li pa peye lajan oswa lòt kalite konpansasyon pou ankouraje desizyon ki lakòz yo pa bay anpil swen oubyen yo refize bay swen yo.

DentaQuest 
a Sun Life company

11100 W. Liberty Drive
Milwaukee, WI 53224

Telefòn gratis: 1-888-696-9557

www.DentaQuest.com

DQ2518 (10.25)